



Depatman Edikasyon New Jersey



Doktè Lily Laux
Komisyone

Doktè Kimberly A. Murray
Komisyone Adjwen Enterimè
Divizyon Sèvis pou Edikasyon

Doktè Nicole A. Buten
Direktè Enterimè
Biwo Edikasyon Espesyal

Depatman Edikasyon New
Jersey PO Box 500
Trenton, New Jersey 08625-0500
(609) 376-9060
www.nj.gov/education/special
PTM 1506.13

Dwa Paran nan Edikasyon Espesyal

Revize an Jen 2026

KONSÈY ETA A POU EDIKASYON

Kathy A. Goldenberg.....	Konte Burlington
<i>Prezidan</i>	
Nedd James Johnson, Ed.D.....	Konte Salem
<i>Vis Prezidan</i>	
Mary Beth Berry	Konte Hunterdon
Claudine Keenan Ed.D	Konte Atlantic
Jeanette Peña.	Konte Hudson
Ronald K. Butcher, Ph.D.....	Konte Gloucester
Jack Fornaro.....	Konte Warren
Ahmed Shehata	Konte Union
Mary G. Bennett	Konte Essex
Arcelio Aponte.....	Konte Middlesex
Joseph Ricca, Jr., Ed.D.....	Konte Morris
James C. Williams	Konte Camden

Doktè Lily Laux,
Komisyone

Dwa Paran nan Edikasyon Espesyal

Kòd administratif New Jersey pou edikasyon espesyal (N.J.A.C. 6A:14) ak *Lwa federal 2004 la sou Edikasyon pou Moun Andikape* (Individuals with Disabilities Education Act, IDEA 2004) se lwa ki garanti pou timoun ki gen andikap yo yon edikasyon gratis, apwopriye nan anviwònman ki gen mwens restriksyon. Yon pati enpòtan nan lwa sa yo bay paran yo dwa pou patisipe nan edikasyon timoun yo.

Oumenm ak reprezantan distri lekòl ou a se manm ekip ki responsab devlope yon pwogram edikatif apwopriye pou timoun ou an. Dokiman sa a pral dekri lwa yo nan nivo Eta ak federal ki afekte founiti edikasyon espesyal pou ede w konprann dwa w nan pwosesis edikasyon espesyal la. Avèk konesans sa a, w ap prepare pou w jwe yon wòl aktif nan edikasyon timoun ou an.

Dokiman sa a te devlope pou ou pa Depatman Edikasyon, Biwo Edikasyon Espesyal, nan yon efò pou bay enfòmasyon ki pi konplè ak pi ajou. Yo revize dokiman an regilyèman pou montre chanjman ki fèt nan lwa a, bay enfòmasyon siplemantè ki ta ka itil ou, epi bay enfòmasyon yo yon fason ki pi klè ak pi kout.

Si w bezwen èd anplis pou w konprann dwa w yo, enfòmasyon pou kontakte Rezo Defans Paran nan tout Eta a (Statewide Parent Advocacy Network, SPAN), Dwa Andikape New Jersey (Disability Rights New Jersey, DRNJ), Biwo Konte yo nan Depatman Edikasyon New Jersey ak distri lekòl lokal ou a endike nan paj 42.

Sa se deklarasyon sou garanti pwosedi ki nesesè annakò avèk *Kòd Administratif New Jersey (N.J.A.C.) 6A:14-2.3(g)7*.

Referans	1
Pran Desizyon ak Patisipasyon nan Reyinyon yo	1
Avi pou yon Reyinyon	2
Avi Alekri	3
Lang Natifnatal ak Avi Alekri	4
Konsantman	4
Demann Paran yo	6
Itilizasyon Asirans	7
Evalyasyon	7
Evalyasyon Endepandan	8
Kalifikasyon	10
Pwogram edikasyon endividyalize (IEP)	10
Tranzisyon nan Lavi Adilt	11
Reevalyasyon	12
Transfè Dwa Nan Laj Majè	12
Plasman Adilt Deyò Eta a	12
Konfidansyalite ak Aksè nan Dosye Edikatif	13
Paran Ranplasan	14
Mete Timoun Ou An nan Yon Lekòl Ki Pa Piblik (Prive) – Akòz Dezakò	15
Mete Timoun Ou An nan yon Lekòl Ki Pa Piblik (Prive) – Akòz Preferans (Sèvis Patisipasyon Ekitab)	15
Rezoud Dezakò	16
Medyasyon Volontè	16
Odyans pou Pwosedi Ofisyèl	18
Odyans pou Pwosedi Ofisyèl Akselere	21
Aplikasyon pou Sekou Dijans	21
Dwa pou Odyans pou Pwosedi Ofisyèl	23
Frè Avoka	24
Rezolisyon Plent Eta	25
Pwosedi Disiplinè	34
Tèm ki Itilize Souvan yo	38
Resous yo	39
Resous pou Tranzisyon nan Lavi Adilt	39
Fòm pou Rezolisyon Konfli	
Demann Medyasyon	
Demann pou Odyans pou Pwosedi Ofisyèl	
Demann pou Odyans pou Pwosedi Ofisyèl Akselere	
Demann pou Sekou Dijans	
Demann alaplas Afidavit oswa Deklarasyon Notarye	
Demann pou Egzekisyon yon Akò pou Medyasyon	
Demann pou Egzekisyon yon Desizyon Biwo Dwa Administratif la Emèt	
Demann pou Ankèt sou Plent	

Dwa Paran nan Edikasyon Espesyal

REFERANS

Kisa yon referans ye?

Yon referans se yon demann alekri pou yon evalyasyon yo bay distri lekòl la lè yo sispèk yon timoun gen yon andikap epi li ka bezwen sèvis edikasyon espesyal.

Kiyès ki ka fè yon referans?

- Paran yo
- Pèsonèl lekòl
- Ajans ki konsène ak byennèt elèv yo, sa gen ladan Depatman Edikasyon New Jersey

Si w kwè timoun ou an ka gen yon andikap, ou ka soumèt yon demann alekri bay distri lekòl ou a pou w refere timoun ou an pou yon evalyasyon¹.

Kisa k ap pase lè yon referans fèt?

Nan 20 jou kalandriye oplita² lè yo resevwa yon referans, distri lekòl la dwe òganize yon reyinyon pou deside si yo pral fè yon evalyasyon. Si yo pral fè yon evalyasyon, yo pran yon lòt desizyon konsènan tip tès ak lòt pwosedi ki pral itilize pou detèmine si timoun ou an bezwen sèvis edikasyon espesyal. Si yo p ap fè yon evalyasyon, yo ka fè rekòmandasyon konsènan entèvensyon oswa sèvis pou bay elèv la nan edikasyon jeneral.

PRAN DESIZYON AK PATISIPASYON NAN REYINYON YO

Kòman yo pran desizyon konsènan bezwen edikasyon espesyal timoun mwen an?

Yo pran desizyon konsènan bezwen edikasyon espesyal timoun ou an nan reyinyon yo. Antanke paran yon timoun ki gen oswa ki gendwa gen yon andikap, **ou gen dwa pou w patisipe nan reyinyon konsènan:**

- **Idantifikasyon** (desizyon pou evalye);
- **Evalyasyon** (nati ak dimansyon pwosedi evalyasyon yo);
- **Klasifikasyon** (detèminasyon si timoun ou an kalifye pou edikasyon espesyal ak sèvis asosye yo);
- Devlopman ak revizyon **pwogram edikasyon endividyalize (Individualized Education Program, IEP)** timoun ou an;
- **Plasman** edikatif timoun ou an; epi
- **Reevalyasyon** timoun ou an.

Yo konsidere w kòm manm ekip milti-disiplinè moun kalifye ki reyini pou pran desizyon sa yo epi devlope pwogram edikasyon endividyalize (IEP) timoun ou an.

¹ Lè w ap ekri distri lekòl la konsènan pwoblèm edikasyon espesyal, ou ka ekri direktè lekòl la, direktè edikasyon espesyal la, sipèvizè ekip etid timoun lan, responsab dosye oswa lòt ofisyèl eskolè apwopriye.

² Peryòd tan sa a eskli jou ferye lekòl yo, men li pa ekskli vakans dete.

Ou gen dwa pou:

- Fè lekòl la bay gratis yon entèprèt, tradiktè oswa entèprèt lang siy, lè sa nesèsè;
- Patisipe nan reyinyon obligatwa yo atravè lòt mwayen tankou apèl nan telefòn endividyèl oswa ak konferans oswa videyo-konferans si w pa kapab asiste an pèsòn; epi
- Resevwa yon kopi rapò evalyasyon(yo), dokiman ak enfòmasyon ki pral itilize pou detèminasyon kalifikasyon pa mwens pase 10 jou kalandriye anvan reyinyon sou kalifikasyon an.

Èske tout manm ekip IEP a dwe patisipe nan reyinyon ekip IEP a?

Tout manm ekip IEP obligatwa yo dwe patisipe nan tout reyinyon ekip IEP a sof si w bay konsantman alekri pou eskize yon manm ekip IEP obligatwa a. Genyen de sikonsans kote yon distri lekòl ka mande konsantman w pou eskize yon manm ekip IEP a nan yon reyinyon:

- Si yo p ap diskite sou domèn yon manm ekip IEP obligatwa³, distri lekòl la ka mande konsantman ou alekri pou manm ekip la eskize nan yon pati nan reyinyon an oswa nan tout reyinyon an. Yo dwe voye demann konsantman an avèk avi pou reyinyon an. Si w aksepte manm ekip la ka eskize, ou dwe siyen demann pou konsantman an epi retounen li bay lekòl la. Menm jan ak tout demann pou konsantman, ou ka refize bay konsantman epi lè sa manm ekip la dwe asiste reyinyon an.
- Si y ap diskite sou domèn yon manm ekip IEP obligatwa, distri lekòl la ka mande konsantman w alekri pou eskize manm sa a nan yon pati nan reyinyon an oswa nan tout reyinyon an. Yo dwe voye demann pou konsantman an avèk avi pou reyinyon an epi li dwe gen ladan l kòmantè alekri manm ekip la. Epi tou yo dwe voye kòmantè alekri yo bay lòt manm ekip IEP a anvan reyinyon an. Si w aksepte manm ekip la ka eskize, ou dwe siyen demann pou konsantman an epi retounen li bay lekòl la. Menm jan ak tout demann pou konsantman, ou ka refize bay konsantman epi lè sa manm ekip la dwe asiste reyinyon an.

AVI POU YON REYINYON

Kòman yo pral envite m patisipe nan reyinyon yo?

Pou asire ou gen posiblite pou patisipe nan reyinyon yo ak nan pwosesis pou pran desizyon pou timoun ou an, reyinyon sou edikasyon espesyal pou timoun ou an dwe pwograme nan yon lè ak yon kote ki antann pou oumenm ak distri a. Distri lekòl la dwe fè w konnen alekri ase bonè pou asire w gen posiblite pou w asiste.

Ki enfòmasyon yo dwe mete nan yon avi pou reyinyon?

Avi alekri pou reyinyon an dwe endike objektif la, lè a, anplasman an epi kimoun ki pral asiste epi:

- Enfòm ke oumenm oswa distri lekòl la ka envite nan reyinyon an lòt moun ki gen konesans oswa ekspètiz espesyal konsènan timoun ou an, sa gen ladan pèsònèl sèvis asosye yo. Detèminasyon pou konnen si moun lan gen konesans sa yo oswa ekspètiz espesyal sa a se pati a (oumenm oswa distri lekòl la) ki te envite moun nan ki detèmine l;
- Apati laj 14 lane, oswa mwens, si sa apwopriye, avi pou yon elèv ki gen andikap dwe endike tou ke objektif yon reyinyon se konsidere sèvis tranzisyon ki nesèsè yo e ke lekòl la pral envite elèv la pou li asiste reyinyon an.

³ Pa egzanp, si objektif yon reyinyon ekip IEP a se pou diskite sou chanjman nan yon sèvis asosye tankou terapi lapawòl-langaj, distri lekòl la ka mande pou eskize pwofèsè edikasyon jeneral la oswa pwofèsè edikasyon espesyal la paske pa gen chanjman nan ansèyman nan salklas la, e poutèt sa, domèn pwofèsè a pa pral diskite.

Èske distri lekòl la ka òganize yon reyinyon si mwen pa kapab asiste?

Wi. Distri lekòl la ka òganize yon reyinyon san ou. Distri lekòl la ka fè sa si li anmezi pou dokimante ke li te fè plizyè tantativ pou planifye yon reyinyon avèk ou oswa pou jwenn patisipasyon w nan reyinyon an nan telefòn oswa videyo-konferans epi li pa te kapab fè sa.

AVI ALEKRI

Kòman yo pral enfòme m sou desizyon konsènan bezwen edikasyon espesyal timoun mwen an?

Distri lekòl ou a ap ba w yon avi alekri pou fè w konnen desizyon y ap pran konsènan timoun ou an.

Yo dwe bay yon avi alekri omwen 15 jou kalandriye anvan mizanplas yon aksyon ki pwopoze, dekwa pou ou ka konsidere pwopozisyon an lè distri lekòl la:

- **Pwopoze pou kòmanse oswa pou chanje:**
 - ◆ Idantifikasyon, evalyasyon, ak klasifikasyon;
 - ◆ Mizanplas yon IEP oswa yon plasman edikatif;
 - ◆ Founiti yon edikasyon piblik gratis apwopriye (Free Appropriate Public Education, FAPE) pou timoun ou an;
 - ◆ Yon reevalyasyon;
- **Mande konsantman;** epi
- **Apwouve oswa refize yon demann** ou te fè alekri sou idantifikasyon, evalyasyon, plasman edikatif oswa founiti yon edikasyon piblik gratis apwopriye pou timoun ou an.

Kisa ki dwe genyen nan avi alekri a?

Avi alekri dwe genyen yon deskripsyon konplè sou pwopozisyon distri a ak yon deklarasyon ke ou gen dwa dapre lwa sou edikasyon espesyal. Si distri a deside pou fè oswa pou pa fè yon premye evalyasyon, anplisde tout sa ki endike anba a, distri a dwe ba ou yon kopi règ edikasyon espesyal yo ak règ odyans pou pwosedi ofisyèl yo.

Lè li bay yon avi alekri, distri lekòl la dwe toujou:

- Dekri aksyon l ap pwopoze oswa refize a;
- Eksplike poukisa li pran oswa li pa pran aksyon an;
- Dekri lòt opsyon ki konsidere epi eksplike poukisa yo te rejte opsyon sa yo;
- Dekri si sa aplikab, pwosedi, tès, dosye oswa rapò distri a itilize pou pran desizyon an;
- Dekri nenpòt lòt faktè ki gen rapò ak pwopozisyon oswa refi distri a; epi
- Mete yon avi ki endike ou gen dwa dapre lwa sou edikasyon espesyal.

Kilè aksyon ki pwopoze a ap kòmanse?

Konsèy edikasyon distri a gendwa mete an plas aksyon ki pwopoze a apre opòtinite pou ou konsidere aksyon ki pwopoze a te ekspire, ki se 15 jou kalandriye, sof si ou pa dakò ak aksyon ki pwopoze a epi konsèy edikasyon distri a pran mezi pou eseye rezoud dezakò a oswa ou mande medyasyon oswa yon odyans pou pwosedi ofisyèl. Yon demann pou medyasyon oswa yon odyans pou pwosedi ofisyèl anvan ekspirasyon 15yèm jou kalandriye ki mansyone anwo a ap retade mizanplas aksyon ki pwopoze a.

Kilè yo dwe ba m yon kopi tiliv sa a?

Ou dwe resevwa yon kopi tiliv sa a yon fwa pa ane epi chak fwa:

- Yon paran mande yon kopi;
- Yo refere timoun ou an pou yon premye evalyasyon;
- Premye demann pou yon odyans pou pwosedi ofisyèl oswa premye demann pou yon plent soumèt bay Depatman Edikasyon an nan yon ane lekòl; epi
- Yo pran desizyon pou pran yon aksyon disiplinè ki reprezante yon chanjman nan plasman.

Tout lòt fwa yo, distri a dwe ba w yon deklarasyon ki eksplike:

- Antanke paran yon elèv ki kalifye oswa ki gendwa kalifye pou sèvis edikasyon espesyal, ou gen dwa dapre lwa sou edikasyon espesyal;
- Kòman ou kapab jwenn yon kopi deklarasyon sou garanti pwosedi yo (parental rights in special education, PRISE); epi
- Sous ou ka kontakte pou jwenn èd pou w konprann règ edikasyon espesyal yo.

Kourye Elektwonik

Si distri lekòl ou a ofri paran yo opsyon pou resevwa avi pa imèl, ou ka chwazi pou w resevwa avi annapre la yo elektwonikman:

- Avi alekri;
- Avi sou garanti pwosedi; ak
- Avi anrapò ak yon plent pou jistis ekitab.

LANG NATIFNATAL AK AVI ALEKRI

Avi alekri a dwe redije nan yon lang piblik jeneral la kapab konprann ak nan lang natifnatal ou oswa nan lòt mòd kominikasyon prensipal ou. Si se pa yon lang ekri, lekòl la dwe pran dispozisyon pou asire avi a tradui aloral oswa pa lòt mwayen nan lang natifnatal ou oswa nan lòt mòd kominikasyon. Si lang ou a pa yon lang ekri, distri lekòl la dwe asire ou konprann avi a, epi li dwe dokimante ke ou konprann avi a.⁴

Kilè distri a dwe ban m yon avi alekri?

Nan 15 jou kalandriye oplita apre yon reyinyon konsènan idantifikasyon, evalyasyon oswa reevalyasyon, IEP a, oswa plasman, distri lekòl la dwe ba w yon avi alekri sou nenpòt desizyon ki te pran ak/oswa nenpòt aksyon ki te pwopoze oswa refize. Yo dwe bay yon avi alekri tou lè distri lekòl la mande konsantman w pou yon aksyon ki pwopoze. Aksyon ki pwopoze a kapab aplike pi bonè, si paran an dakò alekri.

KONSANTMAN

Kisa konsantman siyifi?

Konsantman siyifi yo te ba w tout enfòmasyon ki nesèsè pou w pran yon desizyon reflechi sou aktivite ki pwopoze a. Konsantman siyifi tou ou konprann epi aksepte alekri aktivite ki pwopoze a. Pakonsekan, yon avi alekri dwe fè pati nenpòt demann pou konsantman alekri w.

Konsantman an imedyà. Sa siyifi, apre ou fin bay konsantman ou alekri, distri lekòl la dwe kòmanse aktivite a san pèdi tan.

⁴ Egzijans sa a gen ladan l bay yon entèprèt lang siy lè sa apwopriye.

Kilè distri lekòl la dwe jwenn konsantman m?

Konsantman ou obligatwa:

- **Anvan yo evalye timoun ou an pou premye fwa** pou detèmine si timoun ou an kalifye pou edikasyon espesyal;
- **Anvan pwogram edikasyon espesyal timoun ou an kòmanse pou premye fwa;**
- **Anvan yo teste timoun ou an nan kad yon reevalyasyon.** Sepandan, si distri a kapab montre ke li te eseye jwenn konsantman w pou reevalyasyon timoun ou an epi ou pa te reponn, lè sa distri a ka fè evalyasyon an san konsantman w;
- **Anvan yo kominike dosye timoun ou an** ba yon moun oswa ba òganizasyon ki pa gen otorizasyon nòmalman pou wè yo;
- **Chak fwa distri lekòl ou a vle jwenn aksè nan asirans prive** ki kouvri timoun ou an;
- **Premye fwa distri lekòl ou a vle jwenn aksè nan avantaj oswa asirans piblik** ki kouvri timoun ou an;
- **Chak fwa distri lekòl ou a vle eskize yon manm ekip obligatwa** pou yon reyinyon ekip IEP a;
- **Chak fwa yo modifiye IEP timoun ou an san yon reyinyon ekip IEP a;** epi
- **Chak fwa ou aksepte pou renonse ak yon reevalyasyon timoun ou an.**

Kisa k ap pase si mwen pa bay konsantman pou aktivite ki pwopoze a?

Si w pa dakò avèk premye evalyasyon an, reevalyasyon oswa kominikasyon dosye ki pwopoze a epi ou p ap bay konsantman w, distri lekòl la pa kapab kontinye. Si distri lekòl la vle kontinye ak nenpòt nan aktivite sa yo ki pwopoze a, distri lekòl la dwe mande yon odyans pou pwosedi ofisyèl (gade nan paj 17) pou jwenn konsantman nan men yon jij dwa administratif (Administrative Law Judge, ALJ). Nan odyans pou pwosedi ofisyèl la, ALJ an ap deside si timoun ou an kapab evalye, reevalye oswa si dosye timoun ou an ka kominike san konsantman w.

Si w pa dakò ak yon pwopozisyon pou premye mizanplas IEP a, aksè nan asirans piblik (tankou Medicaid) oswa asirans prive w ki kouvri timoun ou an, yon demann pou eskize yon manm ekip IEP obligatwa nan yon reyinyon, yon demann pou amande IEP timoun ou an san yon reyinyon, oswa yon demann distri lekòl ou a pou renonse reevalyasyon (sou twazan) timoun ou an, distri lekòl la gendwa pa fè sa ki mande a. Si w pa bay konsantman, distri lekòl la pa ka depoze demann pou yon odyans pou pwosedi ofisyèl pou mande yon ALJ bay konsantman pou nenpòt nan tip demann sa yo.

Èske mwen ka retire konsantman m apre m fin bay li?

Bay konsantman se yon bagay volontè. Ou ka ekri distri lekòl la pou anile (retire) konsantman w nenpòt ki lè. Anilasyon konsantman an pa anile yon aksyon ki te fèt apre konsantman an te bay e anvan konsantman an te anile. Si w ekri distri lekòl la pou anile konsantman w apre timoun ou an te resevwa edikasyon espesyal ak/oswa sèvis asosye yo, distri lekòl la gen 10 jou pou reponn retrè alekri ou a avèk yon avi. Distri lekòl la dwe aksepte anilasyon konsantman alekri ou a epi li pa kapab itilize medyasyon oswa yon odyans pou pwosedi ofisyèl pou chèche anile revokasyon konsantman alekri ou a.

Distri lekòl la ka deside rankontre w pou diskite sou anilasyon konsantman an. Reyinyon an dwe òganize oplita nan peryòd 20 jou pou reponn ak anilasyon konsantman alekri a epi distri lekòl la dwe voye yon avi oplita nan 20yèm jou apre ou bay distri lekòl la anilasyon konsantman alekri ou a. On fwa yo voye yon avi alekri ba w, ou gen 15 jou pou w konsidere avi alekri a epi retire anilasyon konsantman alekri a si w chwazi fè l. Apre peryòd tan 15 jou yo fini, yo pral konsidere timoun ou an kòm yon elèv edikasyon jeneral pou tout rezon, sa gen ladan afè disiplinè, apati dat sa.

Si pita ou detèmine ou ta vle fè timoun ou an resevwa edikasyon espesyal ak sèvis asosye yo, ou dwe fè yon demann alekri pou yon evalyasyon timoun ou an. Sèvis yo ka pa retabli imedyatman. Alaplas, yo dwe fè yon premye evalyasyon timoun ou an epi, si yo detèmine timoun ou an kalifye pou edikasyon espesyal ak sèvis asosye yo apre evalyasyon sa a fin fèt, yo pral devlope yon pwogram edikasyon endividyalize (IEP) pou li. Yo pa ka bay timoun ou an edikasyon espesyal ak sèvis asosye yo jiskaske yon nouvo IEP fin fèt “epi w aksepte li” epi yo ba w yon avi.

Èske mwen ka retire konsantman m pou yon pati nan pwogram timoun mwen an?

Non. Lè w anile konsantman w, se pou tout sèvis edikasyon espesyal ak sèvis asosye yo. Ou pa ka anile konsantman sèlman pou sèvis ou pa vle timoun ou an resevwa. Si w gen yon dezakò ak distri w la sou sèvis byen presi oswa sou plasman kote y ap bay sèvis yo, ou dwe mande yon reyinyon avèk ekip IEP a pou diskite sou sèvis yo. Si oumenm ak lòt manm ekip la pa rive dakò lè nou rankontre, ou ka sèvi ak pwosedi rezolisyon konfli ki dekri pi devan nan tiliv sa a pou rezoud dispit la.

Si yon paran anile konsantman pou edikasyon espesyal ak sèvis asosye yo, èske distri a oblije modifye dosye elèv la paske konsantman an te anile?

Non. Yon paran ka mande pou distri lekòl la modifye dosye elèv la pou retire referans a founiti edikasyon espesyal ak sèvis asosye si paran an anile konsantman l apre yo te bay elèv la odepwa edikasyon espesyal ak sèvis asosye yo. Sepandan, distri lekòl la pa oblije retire okenn referans ak edikasyon espesyal ak sèvis asosye ki resevwa yo paske konsantman an te anile.

Èske distri lekòl la dwe jwenn konsantman m chak fwa gen yon pwopozisyon pou chanje pwogram oswa plasman timoun mwen an?

Non. On fwa sèvis yo te kòmanse, oumenm oswa distri lekòl la ka pwopoze chanjman nan pwogram oswa plasman timoun ou an nan yon reyinyon IEP. Konsantman w pa obligatwa pou aplike chanjman yo. Distri lekòl la dwe ba w yon avi alekri sou chanjman ki pwopoze yo jan li dekri anwo la a.

Kòman m ka sispann aksyon ki pwopoze a lè m pa dakò?

Ou dwe mande yon medyasyon oswa yon odyans pou pwosedi ofisyèl apre ou resevwa avi alekri a (gade nan seksyon Lang Natifnatal ak Avi Alekri yo). Pou mande yon medyasyon oswa yon odyans pou pwosedi ofisyèl, ou dwe mete demann ou a alekri epi voye li bay Depatman Edikasyon an ak ba distri lekòl la. Nan fen tiliv sa a, gen yon fòm demann pou medyasyon/odyans pou pwosedi ofisyèl. Pandan dezakò a ap rezoud, plasman ak sèvis aktyèl timoun ou an ap rete menm jan an. Yo rele sa “rete an plas.”

Si w pa dakò ak aksyon ki pwopoze a epi ou pa mande yon medyasyon oswa yon odyans pou pwosedi ofisyèl pou w enfòme distri lekòl la sou dezakò ou a, aksyon ki pwopoze a ka aplike.

DEMAND PARAN YO

Ou ka mande yon chanjman nan evalyasyon, kalifikasyon, IEP oswa plasman timoun ou an. Chak fwa ou fè yon demann konsa nan lekòl la, ou dwe fè demann lan alekri epi konsève yon kopi pou achiv ou. Lekòl la gen 20 jou kalandriye pou reponn ou alekri. Jou ferye lekòl yo pa konte nan 20 jou yo. Men, lekòl yo oblije reponn oplita nan 20 jou pandan ete. Repons lan dwe gen ladan eleman avi a (gade nan paj 3). Anplis, si yon reyinyon nesèsè pou reponn demann ou a, reyinyon an dwe òganize oplita nan 20 jou apre demann lan. Si distri lekòl w la adopte yon politik ki pèmèt paran yo soumèt demann alekri yo pa kourye elektwonik, ou ka swiv politik imèl lekòl la pou soumèt demann ou yo. Sinon, demann sa yo dwe fèt alekri oswa tape epi bay distri lekòl la demann yo.

ITILIZASYON ASIRANS

Èske distri lekòl la ka mande pou m itilize asirans medikal prive m oswa asirans oswa avantaj piblik m ki kouvri timoun mwen an pou jwenn evalyasyon pou timoun mwen an, oswa edikasyon espesyal oswa sèvis asosye ki nesèsè pou bay timoun mwen an yon edikasyon piblik gratis apwopriye (FAPE)?

Non. Distri lekòl la pa ka mande w pou w bay konsantman w pou itilize asirans piblik oswa asirans prive ki kouvri timoun ou an pou jwenn yon evalyasyon pou timoun ou an, oswa pou bay edikasyon espesyal oswa sèvis asosye yo (pa egzanp, terapi fizik, sèvis lapawòl langaj) timoun ou an bezwen pou resevwa yon FAPE. Sepandan, si distri lekòl ou a bay yon avi alekri epi ou aksepte, yo ka itilize asirans oswa avantaj piblik oswa prive. Distri a dwe enfòme w ke bay konsantman an se yon bagay volontè li ye.⁵ Epitou, distri lekòl la dwe mande e jwenn konsantman w chak fwa li itilize asirans prive ki kouvri timoun ou an pou l jwenn edikasyon espesyal oswa sèvis asosye pou timoun ou an, epi annakò avèk règleman federal yo, premye fwa distri lekòl la chèche itilize asirans oswa avantaj piblik ki kouvri timoun ou an. Sa siyifi, pa egzanp, si distri lekòl la mande pou itilize asirans ou pou bay timoun ou an terapi fizik yon fwa pa semèn pou ane eskolè ki kouvri nan IEP timoun ou an, ou dwe bay konsantman w nan kòmansman ane lekòl la pou itilize asirans ou pou bay terapi fizik pou ane a. Si pita distri lekòl la vle sèvi ak asirans ou pou bay yon lòt sèvis, li dwe mande konsantman w ankò anvan pou l kapab itilize asirans ou an.

Èske distri mwen an ka jwenn aksè nan avantaj Medicaid mwen yo?

Distri lekòl ou a ka jwenn aksè nan avantaj Medicaid ou yo pou resevwa lajan atravè pwogram Inisyativ Edikasyon Espesyal Medicaid (Special Education Medicaid Initiative, SEMI). Yon distri lekòl kapab jwenn aksè nan avantaj Medicaid sèlman si paran an siyen yon fòm konsantman. Lè w siyen fòm konsantman an, sa p ap gen okenn efè sou kouvèti asirans sante Medicaid timoun ou an. Distri a oblije voye tou yon rapèl bay paran yo yon fwa pa ane ki dekri pwogram SEMI an.

EVALYASYON

Kisa yon evalyasyon ye?

Yon evalyasyon se pwosesis ki itilize pou detèmine si timoun ou an gen yon andikap. Pwosesis sa a gen ladan yon egzamen tout done aplikab yo, ak administrasyon endividyèl tout tès, evalyasyon ak obsèvasyon timoun ou an. Pou yon premye evalyasyon, omwen de manm ekip etid sou timoun⁶ ak lòt espesyalis,⁷ dwe patisipe selon bezwen yo oswa jan li detèmine nesèsè. Omwen de evalyasyon timoun ou an nesèsè pou detèmine kalifikasyon pou edikasyon espesyal ak sèvis asosye yo. Chak evalyasyon dwe fèt pa yon moun ki gen fòmasyon apwopriye, oswa ki kalifye pou fè evalyasyon an grasa lisans oswa sètifikasyon pwofesyonèl li.

Kilè yon evalyasyon nesèsè?

Yon evalyasyon nesèsè lè oumenm, manm ekip etid timoun yo, ak pwofesè timoun ou an rankontre epi decide timoun ou an ka gen yon andikap.

⁵ Si w pa bay konsantman pou l itilize asirans ou a, distri a dwe bay sèvis la (sèvis yo) kanmenm gratis pou ou.

⁶ Lè yo sispèk andikap la se yon twoub langaj, espesyalis lapawòl-langaj la ka patisipe kòm youn nan de manm ekip etid timoun obligatwa yo.

⁷ Espesyalis yo gen ladan, men pa sèlman, espesyalis lapawòl langaj, terapèst okipasyonèl, terapèst fizik, epi medsen.

Èske yo ka itilize evalyasyon/egzamen timoun mwen an yon moun ki pa travay pou distri lekòl la te prepare kòm youn nan de evalyasyon ki nesesè pou yon premye evalyasyon timoun mwen an?

Wi. Rapò ak evalyasyon ekip etid timoun oswa moun ki bay sèvis asosye yo te prepare (pa egzanp terapi fizik oswa sèvis lapawòl-langaj) ka itilize kòm evalyasyon pou yon premye evalyasyon. Evalyasyon ak rapò yo dwe soti bò kote moun ki travay pou lòt distri lekòl piblik yo (oswa sèvis edikatif oswa komisyon miks), klinik oswa ajans Depatman Edikasyon an apwouve, oswa pwofesyonèl nan pratik prive. Pou yo ka itilize, rapò a dwe te fèt pandan ane pase a epi manm ekip etid timoun lan dwe egzamine rapò oswa lòt moun kalifye nan distri dwe egzamine rapò a. Si distri a detèmine rapò a reponn ak egzijans ki nan règleman Eta a pou evalye elèv yo, yo ka itilize rapò a kòm youn nan evalyasyon obligatwa pou timoun ou an.

EVALYASYON ENDEPANDAN

Kisa yon evalyasyon endepandan ye?

Yon evalyasyon endepandan se yon evalyasyon yon moun kalifye ki pa anplwaye nan distri lekòl ou a reyalize. Si w pa dakò ak evalyasyon oswa reevalyasyon distri lekòl ou a fè, ou gen dwa pou mande YON evalyasyon endepandan. Sa siyifi ou ka deside evalyasyon distri a pa te fèt kòrèkteman oswa li pa te konplè, epi ou vle yon evalyasyon lòt moun fè.

Ou ka mande tout kantite (oswa kèk) evalyasyon separe jan ou vle lè ou mande YON evalyasyon endepandan. Pa egzanp, ou ka deside youn oswa plizyè evalyasyon distri lekòl ou a te fè, tèlke evalyasyon aprantisaj la oswa evalyasyon sikolojik timoun ou an, pa te kòrèk, epi ou ta renmen lòt moun fè nouvo evalyasyon an(yo). Oswa, ou ka panse evalyasyon distri lekòl la ta dwe gen nan li yon evalyasyon (plizyè evalyasyon) distri lekòl la pa te fè, pa egzanp yon evalyasyon medikal oswa konpòtmantal timoun ou an.

On fwa ou fè demann ou a pou yon evalyasyon endepandan apre distri lekòl la fin fè evalyasyon oswa reevalyasyon li a, lòt moun ap fè evalyasyon(yo) ou mande a (sòf si yon ALJ di yo pa dwe fèt). Apre evalyasyon yo fini, ou pa ka mande distri lekòl ou a peye yon lòt evalyasyon endepandan jiskaske distri lekòl ou a fin fè pwochen reevalyasyon timoun ou an. Pakonsekan, ou dwe asire w ou mande tout evalyasyon ou kwè ki nesesè nan kad demann ou pou yon evalyasyon endepandan paske w ap oblije tann yon reevalyasyon anvan ou ka fè yon lòt demann pou yon evalyasyon endepandan distri lekòl ou a peye pou li.

Ki egzijans ki genyen pou yon evalyasyon endepandan?

Yo bay yon evalyasyon endepandan gratis pou ou. Li fèt sou frè piblik. Si, nan kad yon odyans pou pwosedi ofisyèl, yon ALJ mande yon evalyasyon endepandan, distri lekòl la dwe jwenn li tou sou frè piblik. Evalyasyon endepandan yo dwe reponn ak menm egzijans tankou evalyasyon distri lekòl la fè.

E si distri lekòl la kwè evalyasyon li a apwopriye?

Lè distri lekòl la pa dakò avèk nesesite pou yon evalyasyon endepandan, distri lekòl la dwe mande yon odyans pou pwosedi ofisyèl oplita nan 20 jou apre li resevwa demann ou an. Si yon ALJ deside evalyasyon distri a te apwopriye, distri a p ap gen pou peye pou evalyasyon endepandan an. Dwa ou genyen pou w jwenn yon evalyasyon endepandan ak pwòp frè w pa t ap chanje.

Èske distri lekòl mwen an dwe evalye timoun mwen an nan domèn(yo) kote m ap mande yon evalyasyon endepandan anvan yo otorize m jwenn yon evalyasyon endepandan?

Non. Yon distri pa kapab lè w fè yon evalyasyon toudabò nan yon domèn ki pa te deja evalye ak premye evalyasyon oswa yon reevalyasyon pou limite dwa w pou yon evalyasyon endepandan. Lè li resevwa demann ou an, distri a dwe bay enfòmasyon sou kikote ou ka jwenn yon evalyasyon endepandan, oswa mande yon odyans pou pwosedi ofisyèl.

Kikote yo ka jwenn yon evalyasyon endepandan?

Yo ka jwenn yon evalyasyon endepandan nan men yon lòt distri lekòl, yon komisyon sèvis edikatif, yon komisyon miks, yon klinik oswa yon ajans apwouve, oswa yon pratisyen prive, ki sètifye ak/oswa lisansye jan sa nesèsè. Lekòl ou a dwe ba w enfòmasyon konsènan resous sa yo.

Èske distri lekòl la ka enpoze limit oswa restriksyon sou chwa evalyatè yo?

Si distri lekòl la aksepte demann ou pou yon evalyasyon endepandan, distri lekòl la dwe bay enfòmasyon sou kikote ou ka jwenn yon evalyasyon endepandan. Pou ede distri lekòl yo ak paran yo, Depatman Edikasyon an kenbe yon lis klinik ak ajans ki apwouve yo. Distri lekòl yo ka sijere yon kantite klinik oswa ajans nan zòn jeyografik nan lis sa a. Paran yo dwe kapab jwenn evalyasyon yo mande a apati lis ki sijere a nan yon delè rezonab ak nan tarif distri a detèmine.

Si w pa dakò pou w chwazi yon founisè pami sa distri lekòl la sijere, distri a dwe konsidere demann ou a pou yon lòt founisè. Epitou, distri lekòl la dwe konsidere demann ou a pou yon evalyatè ki koute plis pase sa distri lekòl la peye òdinèman pou menm evalyasyon an. Si distri lekòl la pa dakò ak demann ou an, li dwe mande yon odyans pou pwosedi ofisyèl pou refize demann ou an.

Konsiderasyon sa ak desizyon distri a pou akòde oswa pou mande yon odyans pou pwosedi ofisyèl pou refize demann lan dwe fèt oplita nan 20 jou apre li resevwa demann pou evalyasyon endepandan an.

Èske gen nenpòt sikonstans ki ta pèmèt yon distri lekòl refize yon demann pou yon evalyasyon endepandan san mande yon odyans pou pwosedi ofisyèl?

Wi. Yon distri lekòl ka refize chwa yon paran pou evalyatè san mande yon odyans pou pwosedi ofisyèl, si evalyatè a pa genyen yon sètifika ak/oswa yon lisans nan New Jersey, kote yon sètifika ak/oswa lisans egzijib. Anplis, paran yo gen dwa ak yon evalyasyon endepandan (ki gendwa gen nan li plis pase yon sèl evalyasyon) pou chak premye evalyasyon oswa reevalyasyon. Konsa, apre yon evalyasyon endepandan te reyalize oswa yon ALJ te deside yo p ap reyalize yon evalyasyon endepandan, distri lekòl la ka refize demann annapre yo pou yon evalyasyon endepandan san mande yon odyans pou pwosedi ofisyèl. Lè distri a fè yon lòt reevalyasyon, yon paran ka chèche yon evalyasyon endepandan si li pa dakò ak reevalyasyon sa.

Kisa distri lekòl la oblije fè lè li resevwa yon evalyasyon endepandan?

Distri lekòl la dwe konsidere nenpòt evalyasyon endepandan, sa gen ladan yon evalyasyon ou peye pou li, lè y ap pran desizyon konsènan pwogram edikasyon espesyal timoun ou an. Sepandan, distri lekòl la pa oblije aksepte rapò evalyasyon an ni entegre nenpòt nan rekòmandasyon rapò nan IEP timoun ou an. Yo ka prezante yon evalyasyon endepandan kòm prèv nan yon odyans pou pwosedi ofisyèl.

KALIFIKASYON

Kòman yo decide sou kalifikasyon?

Lè evalyasyon an fini, kalifikasyon an detèmine an kolaborasyon nan yon reyinyon selon *N.J.A.C. 6A:14-2.3(k)1*.⁸ Pou kalifye pou edikasyon espesyal ak sèvis asosye yo:

- Yon elèv dwe genyen yon andikap selon youn nan kategori kalifikasyon yo;
- Andikap la dwe gen yon enpak negatif sou pèfòmans edikatif elèv la; epi
- Elèv la dwe bezwen edikasyon espesyal ak sèvis asosye yo.

Distri lekòl la dwe bay paran an (oswa elèv adilt, lè sa aplikab) yon kopi rapò evalyasyon an (evalyasyon yo) ansanm ak dokiman ki itilize pou detèminasyon kalifikasyon an nan pa mwens pase 10 jou anvan reyinyon an.

PWOGRAM EDIKASYON ENDIVIDYALIZE (IEP)

Kisa yon pwogram edikasyon endividyalize ye?

Apre yo detèmine timoun ou an kalifye pou edikasyon espesyal ak sèvis asosye yo, y ap òganize yon reyinyon pou devlope IEP timoun ou an. IEP a se yon plan alekri ki dekri an detay pwogram edikasyon espesyal timoun ou an. IEP a dwe dekri kijan pèfòmans timoun ou an ye kounye a ansanm ak bezwen ansèyman byen presi timoun ou an. IEP a dwe gen nan li objektif anyèl detaye ak mezirab epi objektif oswa referans akoutèm yo.

Kiyès ki dwe patisipe nan reyinyon IEP a?

Eksepte lè yo te eskize pou patisipasyon nan reyinyon an avèk konsantman w konfòmeman ak pwosedi ki nan paj 2 a, moun annapre la yo dwe asiste reyinyon IEP yo:

- Elèv la, si sa apwopriye⁹;
- Paran;
- Pa mwens pase yon pwofesè edikasyon jeneral (nan mezi ki apwopriye), si elèv la ap patisipe oswa pral patisipe nan edikasyon regilye;
- Pa mwens pase yon pwofesè edikasyon espesyal (oswa founisè edikasyon espesyal lè sa apwopriye);
- Omwen yon manm ekip etid timoun;
- Responsab dosye;
- Reprezantan distri lekòl la;
- Lòt moun dapre libète desizyon paran an oswa distri lekòl la; epi
- Si yo pral diskite sou tranzisyon nan reyinyon IEP a, yon reprezantan nenpòt lòt ajans ki pral pwobableman bay oswa peye pou sèvis yo; epi
- Sou demann paran an, Kowòdonatè Sèvis Pati C an pou yon elèv k ap fè tranzisyon soti nan Pwogram Entèvansyon Bonè pou ale nan Pwogram Edikasyon Espesyal Pati B distri lekòl la ofri.

⁸ Elèv ki gen yon twoub lapawòl ak/oswa langaj gendwa kalifye pou sèvis lapawòl-langaj sèlman jan li dekri nan *N.J.A.C. 6A:14-3.6*.

⁹ Apati laj 14 lane, yo dwe envite elèv la pou l asiste reyinyon IEP a jan sa nesesè pou patisipe nan planifikasyon pou tranzisyon nan lavi adilt.

Ou gen dwa pou:

- Jwenn kopi IEP timoun ou an;
- Mennen lòt moun avèk ou nan reyinyon yo;
- Anrejistre reyinyon IEP yo sou tep si w enfòmè lòt moun yo aloral oswa alekri, anvan reyinyon an kòmanse, ke w gen entansyon anrejistre reyinyon an;
- Fè mete IEP a ann aplikasyon nan lespas 90 jou apre lekòl la resevwa konsantman w pou premye evalyasyon an;
- Fè mete IEP a ann aplikasyon dèke sa posib apre yon reyinyon IEP;
- Fè revize IEP a omwen chak ane; epi
- Fè ekip IEP a konsidere sèvis ane lekòl pwolonje yo.

TRANZISYON NAN LAVI ADILT

Kisa planifikasyon tranzisyon ye?

Planifikasyon tranzisyon se yon pwosesis koperatif ofisyèl alontèm ki pral ede timoun ou an soti nan lekòl pou ale nan monn adilt la avèk siksè. Règleman New Jersey egzije pou planifikasyon tranzisyon an kòmanse abòde nan IEP ki pral an plas pou ane lekòl kote timoun ou an rive nan laj 14 lane, oswa mwens si ekip IEP a detèmine li apwopriye. Planifikasyon tranzisyon an kontinye abòde nan IEP timoun ou an chak ane jiska gradyasyon oswa sòti nan lekòl segondè.

Kiyès ki patisipe nan planifikasyon tranzisyon an?

Anjeneral, planifikasyon tranzisyon an enplike ekip IEP a, lòt manm fanmi yo, estaf lekòl la, estaf lòt ajans yo, patwon yo ak lòt manm nan kominote a. Chak fwa planifikasyon tranzisyon an pral nan IEP a, elèv la **dwe** envite pou l asiste reyinyon IEP a epi vin yon manm entegral ekip IEP a.

Ki eleman ki gen nan planifikasyon tranzisyon an?

Sa ki annapre la yo se eleman kle pou planifikasyon tranzisyon nan IEP a pou timoun k ap vin gen 14 lane oswa plis:

- Yon deklarasyon sou pwèn fò, enterè ak preferans timoun nan
- Idantifikasyon yon rejim etid (tit kou yo pou dire IEP a ak pi lwen)
- Idantifikasyon estrateji ak/oswa aktivite ki gen kòm bi ede timoun nan devlope oswa atenn objektif apre segondè
- Yon deskripsyon nesite pou konsiltasyon (enfòmasyon ak/oswa konsèy) nan men lòt ajans (tèlke Divizyon Sèvis Reyadaptasyon Pwofesyonèl, Sistèm Swen Timoun, Divizyon Andikap nan Devlopman, elatriye)
- Yon deklarasyon sou nenpòt koneksyon ak responsablite ant ajans ki nesesè yo

Lòt eleman kle yo nan kad planifikasyon tranzisyon nan IEP a pou timoun k ap vin gen 16 lane oswa plis:

- Objektif apre segondè timoun lan baze sou evalyasyon tranzisyon apwopriye pou laj anrapò ak fòmasyon, edikasyon, travay epi, si sa apwopriye, lavi endepandan
- Sèvis tranzisyon yo nesesè pou ede timoun nan atenn objektif apre segondè sa yo (yon seri aktivite/strateji kowòdone ki gen ladan ansèyman, sèvis asosye yo, eksperyans kominotè, devlopman travay ak lòt objektif lavi adilt apre lekòl, epi, lè sa apwopriye, akizisyon konpetans pou lavi chak jou epi evalyasyon pwofesyonèl fonksyonèl)

Pou enfòmasyon anplis sou planifikasyon tranzisyon an, gade nan seksyon Resous nan dokiman sa a.

REEVALYASYON

Konbyen fwa yo dwe reevalye timoun mwen an?

Yo dwe reevalye timoun ou an nan lespas twazan apre dènye evalyasyon li a sof si w bay konsantman pou renonse ak reevalyasyon sou twazan an. Si w bay konsantman pou renonse ak reevalyasyon sou twazan an, pwochen peryòd twazan pou reevalyasyon an kòmanse nan dat ou bay konsantman alekri ou pou renonse ak reevalyasyon an. Yon reevalyasyon ka fèt pi bonè pase twazan si kondisyon yo jistifye sa oswa si oumenm oswa pwofesè timoun ou an mande sa. Sepandan, yon distri lekòl ka refize demann ou pou yon reevalyasyon ki fèt nan yon ane apre dat dènye evalyasyon timoun ou an te fèt. Anplis, distri lekòl la dwe reevalye timoun ou an anvan pou li ka detèmine ke timoun ou an pa yon timoun ki gen yon andikap ankò e li pa kalifye ankò pou edikasyon espesyal ak sèvis asosye yo.

Ki egzijans ki genyen pou yon reevalyasyon?

Ekip IEP a dwe rankontre pou egzamine done aktyèl yo epi deside si yo dwe fè tès siplemantè pou detèmine si kalifikasyon timoun ou an pou edikasyon espesyal ak sèvis asosye yo dwe kontinye. Ekip IEP a gendwa deside okenn enfòmasyon siplemantè pa nesesè pou detèmine si timoun ou an kontinye kalifye pou edikasyon espesyal. Antanke manm ekip la, ou gendwa pa dakò avèk desizyon an epi ou ka mande distri lekòl la fè yon evalyasyon timoun ou an. Lè sa, distri lekòl la dwe evalye timoun ou an pou detèmine kalifikasyon (oswa pa gen kalifikasyon).

Èske distri lekòl la bezwen konsantman m pou fè tès nan kad yon reevalyasyon?

Lekòl la dwe jwenn konsantman w anvan yo reyalize nenpòt tès nan kad yon reevalyasyon timoun ou an. Sepandan, si lekòl la ka montre li te eseye jwenn konsantman w pou reevalyasyon timoun ou an epi ou pa te reponn, lè sa a lekòl la ka kontinye ak tès la jan ki prevwa a.

TRANSFÈ DWA NAN LAJ MAJÈ

Ki dwa mwen genyen lè timoun mwen an rive nan laj 18 lane?

Lè timoun ou an rive nan laj 18 lane, tout dwa dapre lwa sou edikasyon espesyal yo pral transfere bay timoun ou an sof si yon tribinal te nonmen yon gadyen legal pou timoun ou an. Ni oumenm ni elèv adilt ou a pral resevwa tout avi obligatwa ki genyen nan dwa paran sa yo. Omwen twazan anvan timoun ou an vin gen 18 lane, distri lekòl la dwe enfòme ni oumenm ni timoun ou an sou transfè dwa sa yo.

PLASMAN ADILT DEYÒ ETA A

Kisa paran yo dwe konsidere lè elèv k ap patisipe nan plasman deyò Eta a vin gen 21 lane?

Lè y ap diskite posiblite pou yon plasman deyò Eta a, paran yo dwe sonje ke nenpòt elèv ki gen yon andikap nan devlopman ki plase nan yon etablisman edikatif deyò Eta a apre 11 Janvyè 2016 p ap kapab jwenn aksè nan okenn finansman pou sèvis deyò Eta a nan men Divizyon Andikap nan Devlopman New Jersey on fwa elèv la rive nan laj venteyen (21) lane.

KONFIDANSYALITE AK AKSÈ NAN DOSYE EDIKATIF¹⁰

Èske mwen ka wè dosye edikatif timoun mwen an?

Distri lekòl yo dwe prezève konfidansyalite enfòmasyon ki nan dosye edikatif timoun ou an. Sepandan, lekòl piblik ki konsève dosye edikatif timoun ou an dwe sipoze ou gen otorite pou enspekte/egzamine dosye timoun ou an sof si yo te enfòm lekòl la legalman alekri ke dwa w te anile dapre lwa Eta a, pa egzant pa mwayen lagad legal oswa divòs.

Ou gen dwa pou:

- Mande pou w wè yon lis tout tip dosye yo konsève konsènan timoun ou an epi kikote dosye yo konsève;
- Egzamine nenpòt nan dosye edikatif timoun ou an ke distri lekòl la konsève oswa itilize:
 - ✦ San reta initil;
 - ✦ Anvan nenpòt reyinyon oswa odyans IEP; epi
 - ✦ Nan yon delè 10 jou apre demann pou wè dosye yo.
(Si sa posib, demann sa a dwe fèt alekri.)
- Mande yon espikasyon ak entèpretasyon dosye yo;
- Jwenn kopi dosye yo. Yon lekòl ka mande yon frè rezonab pou kopi a si frè sa pa anpeche yo konsilte dosye yo. Lekòl la pa gendwa mande yon frè pou chèche oswa pou rekipere dosye yo;
- Yo dwe avèti w anvan enfòmasyon ki nan dosye timoun ou an detwi; epi
- Bay konsantman oswa refize bay konsantman pou kominike dosye timoun ou an bay nenpòt moun ki pa gen yon objektif edikatif oswa legal pou wè yo.

Lekòl la dwe konsève yon dosye sou moun ki jwenn aksè nan dosye timoun ou an, sa gen ladan non yo, dat yo ak rezon pou aksè a. Si w mande sa, ou gen dwa pou yo di w kimoun ki te resevwa enfòmasyon ki nan dosye timoun ou an, nan ki dat yo te bay yo ak kijan yo te itilize yo.

Distri lekòl la dwe jwenn konsantman w alekri anvan nenpòt enfòmasyon pèsònèl ki idantifye timoun ou an ka kominike bay nenpòt moun ki pa gen dwa dapre lalwa pou gen aksè nan yon nòmman (gade nan paj 5).

Si w bay lekòl la konsantman w alekri, ou ka fè yon lòt moun resevwa ak/oswa egzamine dosye yo pou ou. Si yon dosye gen enfòmasyon sou plis pase yon sèl timoun, ou ka gade enfòmasyon sou timoun ou an sèlman.

Èske mwen gen dwa pou egzamine dosye timoun mwen an lè li vin yon elèv adilt?

Jiskaske timoun ou an rive nan laj 18 lane, ou gen aksè nan tout dosye edikatif lekòl la konsève. Apre transfè dwa yo lè w rive nan laj majè, ou gen dwa pou jwenn aksè nan dosye edikatif timoun ou an sèlman si timoun ou an toujou depann de ou finansyèman epi li enskri toujou nan sistèm lekòl piblik la, oswa si w gen konsantman timoun adilt ou an pou aksè a.

Kòman pou m fè chanje dosye timoun mwen an?

Ou ka mande distri lekòl la pou chanje dosye edikatif timoun ou an si w kwè dosye yo:

- San enpòtans;
- Pa egzant;
- Pa pwoteje vi prive oswa lòt dwa timoun ou an; oswa
- Pa apwopriye otreman.

¹⁰ Règleman pou dosye elèv yo twouve yo nan N.J.A.C. 6A:32. Distri lekòl la oblije ba w yon kopi règleman sa yo lè w mande sa.

Si w mande distri lekòl la chanje dosye timoun ou an, ou gen dwa pou resevwa yon desizyon konsènan demann ou an. Distri lekòl la ka deside fè chanjman an epi enfòmè w pou chanjman an alekri; otreman, distri lekòl la dwe rankontre w oplita nan 10 jou pou detèmine si chanjman an pral fèt.

Si distri lekòl la p ap fè chanjman an, li dwe enfòmè w sou refi a ak sou dwa w pou mande Komisyonè Edikasyon an yon odyans pou fè apèl konfòmman ak *N.J.A.C. 6A:3*.

Si apre yon odyans Komisyonè a deside dosye yo pa bezwen chanje, distri lekòl la dwe enfòmè w alekri sou dwa ou genyen pou ajoute yon deklarasyon nan dosye timoun ou an ki bay rezon ki fè ou pa dakò ak dosye lekòl la. Deklarasyon sa a dwe konsève nan dosye timoun ou an toutotan yo konsève dosye ki konsène a, epi deklarasyon an dwe kominike chak fwa yo devwale dosye ki konsène a.¹¹

PARAN RANPLASAN

Kilè yo nonmen yon paran ranplasan epi ki wòl paran ranplasan an?

Lè yo pa ka idantifye paran elèv la oswa yo pa ka jwenn paran an apre efò rezonab, lè yon ajans Eta a gen lagad legal elèv la, lè elèv la anba swen ak pwoteksyon Eta a, oswa lè elèv la se yon jèn sanzabri ki pa akonpaye jan sa defini nan lwa federal la, yo dwe nonmen yon paran ranplasan pou elèv la. Paran ranplasan an reprezante elèv la nan tout afè anrapò ak idantifikasyon, evalyasyon, devlopman IEP a, plasman elèv la, ak founiti edikasyon piblik gratis apwopriye (FAPE) pou elèv la.

Distri lekòl responsab la dwe genyen yon metòd pou detèmine si yon timoun bezwen yon paran ranplasan epi pou deziyen yon paran ranplasan lè sa nesèsè. Anplis, distri lekòl la dwe fè efò rezonab pou nonmen yon paran ranplasan oplita nan 30 jou apre yo detèmine yon paran ranplasan nesèsè pou yon elèv. Distri lekòl responsab la dwe asire chak paran ranplasan ranpli kritè annapre la yo:

- Moun nan pa dwe gen okenn enterè ki nan konfli ak enterè elèv li reprezante a;
- Moun nan dwe posede konesans ak konpetans ki asire bon jan reprezantasyon elèv la;
- Moun nan dwe gen omwen 18 lane; epi
- Moun nan pa kapab yon anplwaye distri lekòl la, Depatman Edikasyon New Jersey oswa nenpòt lòt ajans ki enplike nan edikasyon oswa nan swen timoun nan. (Si distri lekòl la konpanse paran ranplasan an sèlman pou wòl li nan tit sa a, moun nan pa konsidere kòm yon anplwaye distri lekòl la.)

Pou fini, yon distri lekòl pa ka ranplase yon paran ranplasan san motif valab, epi, si distri lekòl la konpanse yon paran ranplasan pou sèvi kòm yon paran ranplasan, moun nan dwe sibi yon verifikasyon istwa kriminel annakò avèk *N.J.S.A. 18A:6-7.1*.

¹¹ Konfòmman ak kòd dosye elèv yo, *N.J.A.C. 6A:32-7.4(e)*, dosye elèv obligatwa yo dwe konsève pandan yon peryòd senk ane apre gradyasyon, anilasyon nan distri lekòl la, oswa laj 23 lane, selon sa ki pi long lan.

METE TIMOUN OU AN NAN YON LEKÒL KI PA PIBLIK (PRIVE) – AKÒZ DEZAKÒ

Si mwen pa dakò ak pwogram distri lekòl la epi mwen mete timoun mwen an nan yon lekòl ki pa piblik (prive), kiyès ki responsab peye frè yo?

Timoun ou an gen dwa pou resevwa yon edikasyon piblik gratis apwopriye. Si timoun ou an enskri nan yon lekòl piblik epi ou pa dakò avèk pwogram edikasyon espesyal distri lekòl la, ou ka chwazi pou mete timoun ou an nan yon lekòl prive oswa nan yon lekòl ki pa piblik, oswa nan yon pwogram pou timoun piti prive ou kwè ki satisfè bezwen edikasyon espesyal timoun ou an. Ou responsab frè yo, sof si li ka pwouve nan yon odyans pou pwosedi ofisyèl ke distri a pa te bay timoun ou an yon edikasyon piblik gratis apwopriye epi lekòl ou te chwazi a apwopriye pou reponn ak bezwen edikatif timoun ou an.

Kisa mwen dwe fè si m planifye pou mande distri lekòl la ranbouse m frè lekòl ki pa piblik la (prive a)?

Si timoun ou an gen yon IEP distri lekòl la devlope, ou ka mete timoun ou an nan yon lekòl ki pa piblik (prive) epi chèche ranbousman nan men distri a. Ou dwe enfòm distri lekòl la nan yon reyinyon IEP epi bay distri lekòl la yon avi alekri omwen 10 jou (anwetan wikenn sèlman) anvan enskripsyon timoun ou an nan lekòl ki pa piblik la (prive a). Ou dwe endike dezakò w avèk IEP distri lekòl la, plasman distri lekòl la pwopoze a ak entansyon w pou enskri timoun ou an nan yon lekòl ki pa piblik (prive).

Si distri lekòl la te ba w yon avi alekri sou entansyon li genyen pou l evalye timoun ou an, anvan w retire timoun ou an nan lekòl piblik la, ou dwe mete timoun ou an disponib pou distri lekòl la pou evalyasyon pou pwoteje reklamasyon w pou ranbousman an.

Si w pa enfòm distri lekòl la sou entansyon w genyen pou fè yon plasman prive ak depans piblik, si w pa mete timoun ou an disponib pou evalyasyon, oswa ou fè lòt aksyon ki pa rezonab, sa ka lakòz yon ALJ pran desizyon pou diminye oswa pou refize ranbousman pou plasman prive a.

METE TIMOUN OU AN NAN YON LEKÒL KI PA PIBLIK (PRIVE) – AKÒZ PREFERANS (SÈVIS PATISIPASYON EKITAB)

Si mwen mete timoun mwen an nan yon lekòl ki pa piblik (prive) paske mwen preferè tip edikasyon lekòl ki pa piblik la ofri, èske timoun mwen an gen dwa pou resevwa edikasyon espesyal ak sèvis asosye yo nan yon distri lekòl piblik?

Yon elèv ki gen yon andikap ke paran li enskri nan yon lekòl ki pa piblik pa gen dwa endividyèl pou resevwa kèk oswa tout sèvis edikasyon espesyal ak sèvis asosye li ta resevwa si l te enskri nan lekòl piblik la. Sepandan, timoun ou an gen dwa pou yo refere l bay yon ekip etid timoun pou yon evalyasyon pou kalifikasyon pou edikasyon espesyal ak sèvis asosye yo.

Si timoun ou an se yon elèv preskolè ki enskri nan yon pwogram pou timoun piti, distri lekòl kote w abite a responsab pou idantifye l epi, si sa apwopriye, evalye kalifikasyon pou edikasyon espesyal ak sèvis asosye yo. Si yo jwenn timoun ou an kalifye, distri lekòl kote w abite a t ap ofri yon pwogram ki fèt pou ba li yon edikasyon piblik gratis apwopriye. Yo t ap ofri pwogram sa a apre enskripsyon nan distri lekòl piblik la epi yo t ap bay yon plasman ekip IEP a detèmine. Si w refize pwogram distri lekòl kote w abite a ofri a paske ou vle timoun ou an rete nan pwogram pou timoun piti a, ou ka ale nan distri lekòl kote timoun ou an ap patisipe nan pwogram timoun piti a (petèt menm distri a) epi chèche yon plan sèvis ak sèvis. Y ap ekri yon plan sèvis sèlman si timoun ou an ap resevwa sèvis epi li pa bezwen enkli nivo sèvis

yon distri lekòl piblik ta ka ofri si timoun ou an te enskri nan distri a.

Si timoun ou an nan yon pwogram kindègadenn jiska klas 12yèm ane, ekip etid timoun nan distri lekòl kote timoun ou an ale nan lekòl ki pa piblik (distri frekantasyon) ta detèmine si yo dwe evalye timoun ou an. Si gen rezon pou yon evalyasyon, ekip la dwe reyalize evalyasyon gratis pou ou epi detèmine si timoun ou an kalifye pou edikasyon espesyal ak sèvis asosye yo. Si yo detèmine timoun ou an kalifye, y ap ekri yon plan sèvis sèlman si timoun ou an pral resevwa sèvis.

Ki dwa mwen genyen si m pa dakò ak evalyasyon an oswa ak detèminasyon kalifikasyon an?

Ou gendwa mande yon medyasyon oswa yon odyans pou pwosedi ofisyèl si ekip etid timoun lan deside pa gen rezon pou yon evalyasyon oswa si w pa dakò ak plan evalyasyon an. Ou ka mande yon evalyasyon endepandan gratis pou ou si w pa dakò ak evalyasyon ekip la fè a. Ou ka mande tou yon medyasyon oswa yon odyans pou pwosedi ofisyèl si w pa dakò ak detèminasyon kalifikasyon an. (Gade nan seksyon sou medyasyon ak odyans pou pwosedi ofisyèl, paj 15 ak 17.)

Si yo detèmine timoun mwen an kalifye e mwen pa dakò ak pwopozisyon pou sèvis yo, ki dwa mwen genyen?

Ou **pa** gen dwa pou mande yon medyasyon oswa yon odyans pou pwosedi ofisyèl pou w an dezakò avèk edikasyon espesyal ak sèvis asosye ki pwopoze pou timoun ou an nan yon plan sèvis. Se konsa menm lè distri a deside pa bay okenn sèvis.¹²

Pou dezakò konsènan founiti sèvis distri kote lekòl ki pa piblik la ye a, ou ka depoze yon plent. Biwo Edikasyon Espesyal (Office of Special Education, OSE) pral detèmine si distri frekantasyon an (distri lekòl kote timoun ou an ale nan lekòl ki pa piblik la) te itilize pwosedi ki apwopriye yo pou detèmine ki timoun ki pral resevwa sèvis yo epi si yo bay sèvis yo.

REZOUZ DEZAKÒ

Kisa k ap pase si mwen pa dakò ak distri lekòl la sou idantifikasyon, evalyasyon, klasifikasyon, plasman edikatif oswa founiti yon edikasyon piblik gratis apwopriye?

Ka gen moman kote oumenm ak distri lekòl la pa dakò. Anpil dezakò kapab rezoud pa mwayen kominikasyon avèk pwofesè timoun ou an, responsab dosye a, direktè lekòl la, oswa lòt pèsonèl distri lekòl la. Genyen tou pwosedi ki etabli dapre lwa Eta ak federal pou reponn ak enkyetid ou yo, tèlke rezolisyon plent, medyasyon oswa yon odyans pou pwosedi ofisyèl.

MEDYASYON VOLONTÈ

Kisa medyasyon ye?

Medyasyon se yon fason pou diskite ak rezoud dezakò ant oumenm ak distri lekòl la avèk èd yon twazyèm moun ki fòme e ki san patipri yo rele yon medyatè.

Kikote e kilè medyasyon an fèt?

Medyasyon fèt nan yon reyinyon (konferans) yon medyatè òganize sou fòm vityèl oswa nan yon lè ak yon kote ki pratik yon fason rezonab pou patisipan yo. Reyinyon an pral pwograme oplita nan 15 jou apre yon demann alekri resevwa.

¹² Si w chwazi pou w enskri timoun ou an nan lekòl piblik epi w mande yon IEP, ou otorize depoze yon demann pou yon odyans pou pwosedi ofisyèl pou konteste pwogram ak sèvis yo nan IEP a.

Kòman yo seleksyone medyatè yo?

Ajans Edikasyon Eta (State Educational Agency, SEA) pa anplwaye medyatè yo. Yo seleksyone yo sou yon baz wotasyon. Lè yon demann pou medyasyon resevwa, yo deziyen pwochen medyatè ki disponib la pou fè konferans medyasyon an.

Kiyès ki ka mande medyasyon?

Swa oumenm oswa distri lekòl la ka mande medyasyon si gen yon dezakò.

Konbyen medyasyon an koute?

Yo ofri medyasyon gratis pou ou oswa pou lekòl la.

Kòman mwen ka mande medyasyon?

Ou ka soumèt yon demann alekri bay:	Demann pou medyasyon an dwe:
Direktè, Biwo Edikasyon Espesyal New Jersey Department of Education P.O. Box 500 Trenton, New Jersey 086250500 osepdisputeresolution@doe.nj.gov	Endike kesyon an (pwoblèm lan); Presize sekou (solisyon) k ap chèche a; epi Montre ke yo te voye yon kopi demann lan bay distri lekòl la.

Yon fòm demann ki ka itilize pou mande medyasyon tache nan fen tiliv sa a. Tanpri, fòk ou konnen itilizasyon fòm modèl la pa obligatwa; sepandan, lè w bay enfòmasyon yo mande a sa ap ede akselere demann ou an.

Èske yon paran ka depoze yon demann pou medyasyon pa mwayen kourye elektwonik oswa lòt fason pou soumèt elektwonikman?

OSE an aksepte elektwonikman demann pou medyasyon, yon odyans pou pwosedi ofisyèl, sekou dijans nan yon adrès imèl OSE jere e siveye. Adrès imèl la itilize pou soumèt demann yo. Petisyon ki ranpli yo dwe sovgade sou fòm dokiman Adobe PDF epi yo dwe soumèt kòm yon atachman nan yon imèl ki voye bay: osepdisputeresolution@doe.nj.gov.

Adobe Acrobat Reader se yon lojisyèl pou lekti dokiman ki disponib pou [telechaje gratis](#). Tanpri, fòk ou konnen demann pou egzekisyon yon akò pou yon medyasyon oswa egzekisyon yon desizyon final Biwo Dwa Administratif la emèt ap aksepte pa mwayen kourye elektwonik oswa poste pa kourye regilye bay OSE an.

Èske mwen ka mennen yon defansè oswa yon avoka nan konferans medyasyon an?

Ou ka mennen yon defansè ak/oswa yon avoka avèk ou pou ede w nan konferans medyasyon an. Distri lekòl la ka mennen yon avoka tou nan konferans medyasyon an menm si w pa mennen youn.

Kisa k ap pase timoun mwen pandan medyasyon an?

Apati lè yo resevwa yon demann apwopriye pou medyasyon jiskaske medyasyon an fini, klasifikasyon, pwogram oswa plasman timoun ou an pa ka chanje sòf si w dakò ak lekòl la pou fè chanjman an oswa oumenm oswa distri lekòl la mande sekou dijans (gade nan paj 20) epi yon ALJ akòde l.

Kisa k ap pase si yon akò rive jwenn? Si yon akò pa rive jwenn?

Si oumenm ak distri lekòl la rive jwenn yon akò, medyatè pral ekri l epi oumenm ak distri lekòl la, nou toude ap siyen l. Si diskisyon pandan medyasyon an pa abouti nan yon akò alekri, lè sa se sèlman dat ak non moun ki nan medyasyon an ki pral anrejistre. Diskisyon medyasyon yo konfidansyèl epi yo pa ka itilize kòm prèv nan yon odyans. Konferans medyasyon yo pa ka anrejistre sou tep.

Kisa k ap pase si pati yo bezwen plis tan pou fini ak medyasyon an?

Si toude pati yo dakò yo bezwen plis tan pou jwenn enfòmasyon anplis oswa pou eksplòre opsyon yo, medyatè a ak pati yo ka pwolonje medyasyon an pou yon peryòd tan apwopriye.

Kisa k ap pase si distri lekòl la pa respekte yon akò ki jwenn nan medyasyon?

Si w kwè distri lekòl la pa mete ann aplikasyon akò medyatè a jan li ekri a, ou ka ranpli fòm ki apwopriye a pou mande pou egzekisyon akò a epi voye l bay Direktè Biwo Edikasyon Espesyal la nan adrès ki endike anwo a oswa ou ka chèche egzekisyon l nan tribinal. Gen yon fòm ki tache nan fen tiliv sa a ki ka itilize pou mande egzekisyon akò pou medyasyon an.

Kisa ki ka rive si mwen pa vle sèvi ak medyasyon?

Medyasyon an volontè epi li pa ka itilize pou retade oswa pou refize dwa ou pou yon odyans pou pwosedi ofisyèl. Sepandan, distri lekòl la ka etabli pwosedi ki oblije w pale ak yon medyatè Eta a pou diskite sou avantaj medyasyon an, si w chwazi pou w pa sèvi ak pwosesis medyasyon an.

ODYANS POU PWOSEDI OFISYÈL

Kisa yon odyans pou pwosedi ofisyèl ye?

Yon odyans pou pwosedi ofisyèl se yon pwosesis legal kote se yon jij dwa administratif (ALJ) ki soti nan Biwo Dwa Administratif (Office of Administrative Law, OAL) ki deside rezolisyon yon dezakò ant oumenm ak distri lekòl la.

Kiyès ki ka mande yon odyans pou pwosedi ofisyèl?

Swa oumenm oswa distri lekòl la ka mande yon odyans pou pwosedi ofisyèl san patipri si gen yon dezakò sou idantifikasyon, evalyasyon, pwogram, plasman oswa founiti edikasyon piblik gratis apwopriye pou timoun ou an.

Kijan mwen ka mande yon odyans pou pwosedi ofisyèl?

Ou ka soumèt yon demann alekri bay:	Demann pou Pwosedi Ofisyèl la dwe:
Direktè Office of Special Education Depatman Edikasyon New Jersey P.O. Box 500 Trenton, New Jersey 08625-0500 Oswa ou ka voye demann ou a pa imèl bay: osepdisputeresolution@doe.nj.gov	Bay non ak laj timoun nan; Bay adrès timoun nan; Idantifye lekòl timoun nan ladan an; Dekri pwoblèm lan ak reyalite ki gen rapò ak pwoblèm lan; Pwopoze yon solisyon pou pwoblèm lan; epi Montre ke yo te voye yon kopi demann lan bay distri lekòl la. Nan ka yon timoun ki sanzabri, enfòmasyon ki disponib pou kontakte timoun lan, ak non lekòl timoun lan kote ale a.

Gen yon fòm ki tache nan fen tiliv sa a ki ka itilize pou mande yon odyans pou pwosedi ofisyèl. Si w pa bay enfòmasyon yo ki endike anwo a, sa ka lakòz: (1) demann ou an rejte paske li pa ase, (2) yon reta nan pwosedi a, oswa (3) yon rediksyon nan atribisyon nenpòt frè avoka ou ka gen dwa pou resevwa si w genyen pwosè w la. Tanpri, fòk ou konnen itilizasyon fòm modèl la pa obligatwa; sepandan, lè w bay enfòmasyon yo mande a sa ap ede akselere demann ou an.

Èske yon paran ka depoze yon demann pou pwosedi ofisyèl pa mwayen kourye elektwonik oswa lòt fason pou soumèt elektwonikman?

OSE an aksepte elektwonikman demann pou medyasyon, yon odyans pou pwosedi ofisyèl, sekou dijans nan yon adrès imèl OSE jere e siveye. Adrès imèl la itilize pou soumèt demann yo. Petisyon ki ranpli yo dwe sovgaade sou fòm dokiman Adobe PDF epi yo dwe soumèt kòm yon atachman nan yon imèl ki voye bay: osepdisputeresolution@doe.nj.gov.

Adobe Acrobat Reader se yon lojisyèl pou lekti dokiman ki disponib pou [telechaje gratis](#). Tanpri, fòk ou konnen demann pou egzekisyon yon akò pou yon medyasyon oswa egzekisyon yon desizyon final Biwo Dwa Administratif la emèt ap aksepte pa mwayen kourye elektwonik oswa poste pa kourye regilye bay OSE.

Èske mwen ka mande medyasyon ak yon odyans pou pwosedi ofisyèl an menm tan?

Wi. Swa oumenm oswa distri lekòl la ka mande medyasyon nan kad yon demann pou yon odyans pou pwosedi ofisyèl.

Kilè mwen dwe fè demann mwen an pou yon odyans pou pwosedi ofisyèl?

Ou dwe depoze demann ou pou yon odyans pou pwosedi ofisyèl oplita nan dezan apre dat ou te konnen oswa ta dwe konnen aksyon distri lekòl la w ap konteste a. Peryòd tan an ap ogmante sèlman si w demontre bay yon ALJ ke distri lekòl la te fè w kwè pwoblèm lan te rezoud yon fason ki satisfè w, oswa si distri lekòl la te refize w enfòmasyon ke lalwa egzije pou li ba w.

Kisa k ap pase lè m mande pou yon odyans pou pwosedi ofisyèl?

Oplita nan 15 jou apre demann lan resevwa pou yon odyans pou pwosedi ofisyèl, oumenm ak distri lekòl la (pati yo) dwe patisipe nan yon reyinyon pou rezolisyon distri a òganize epi dirije. Nan plas reyinyon pou rezolisyon an, pati yo ka antann yo pou medyasyon OSE an oswa pati yo ka antann alekri pou renonse ak reyinyon pou rezolisyon an. Si pati yo ap patisipe nan yon reyinyon pou rezolisyon, distri a ap òganize reyinyon sa a. Si pati yo te antann yo pou medyasyon an, yon reprezantan distri a dwe kontakte OSE pou fasilite pwogramasyon konferans pou medyasyon an. Peryòd rezolisyon kote pandan peryòd sa yon reyinyon pou rezolisyon oswa yon medyasyon òganize, dire 30 jou, apre sa afè ka transmèt bay OAL pou yon odyans pou pwosedi ofisyèl si pati yo pa te rezoud dispit la.

Anplis patisipasyon nan medyasyon oswa nan yon reyinyon pou rezolisyon, distri lekòl la dwe depoze repons ki nesesè pou demann odyans pou pwosedi ofisyèl ou a oplita nan 10 jou apre demann lan resevwa.

Kisa k ap pase si distri lekòl la pa pwograme reyinyon pou rezolisyon an oplita nan 15 jou?

Si distri lekòl la pa pwograme yon reyinyon pou rezolisyon nan delè obligatwa a epi oumenm ak distri lekòl la pa patisipe nan medyasyon epi ou pa te renonse ak reyinyon pou rezolisyon an, ou ka depoze yon demann nan OSE nan adrès ki endike anwo a pou mande yon ALJ pwograme ka w la pou yon odyans pou pwosedi ofisyèl epi kòmanse delè 45 jou a. ALJ an ap deside si distri lekòl la te gen yon bon rezon pou li pa pwograme yon reyinyon pou rezolisyon. Si ALJ an detèmine distri lekòl la pa te gen yon bon rezon pou li pa pwograme reyinyon pou rezolisyon an, ALJ an ka òdone pou odyans pou pwosedi ofisyèl la kòmanse. Si ALJ la deside distri lekòl la te gen yon bon rezon pou li pa pwograme reyinyon pou rezolisyon an, ALJ la ka òdone pou òganize reyinyon pou rezolisyon an oswa yon konferans medyasyon nan yon peryòd tan byen presi anvan dosye a ale nan yon odyans pou pwosedi ofisyèl.

Kisa k ap pase si mwen chwazi pa asiste, oswa mwen pa asiste reyinyon pou rezolisyon an avèk distri lekòl la?

Si w pa rive asiste yon reyinyon pou rezolisyon avèk distri lekòl la epi oumenm ak distri lekòl la p ap patisipe nan medyasyon epi ou pa anile reyinyon pou rezolisyon an, distri lekòl la ka depoze yon demann pou fè yon ALJ anile demann ou pou odyans pou pwosedi ofisyèl la. Si ALJ an detèmine ke ou pa te gen yon rezon valab pou w pa asiste reyinyon pou rezolisyon an, ALJ an ka rejte demann ou pou odyans pou pwosedi ofisyèl la. Si ALJ an detèmine ou te gen yon rezon valab pou w pa asiste reyinyon pou rezolisyon an, ALJ a ka òdone pou òganize reyinyon pou rezolisyon an oswa yon konferans pou medyasyon nan yon peryòd tan byen presi anvan dosye a ale nan yon odyans pou pwosedi ofisyèl.

Si ALJ an rejte dosye w la, ou ka fè yon nouvo demann pou yon odyans pou pwosedi ofisyèl. Tout egzijans pou rezolisyon anvan kòmansman odyans pou pwosedi ofisyèl la ap kòmanse ankò.

Èske distri lekòl la ka konteste demann mwen pou yon odyans pou pwosedi ofisyèl?

Si distri lekòl la kwè ou pa te satisfè egzijans pou yon demann ki sifi ki endike nan paj 17 la, li ka konteste demann ou an kòm petisyon ki pa sifi. Si yon ALJ dakò petisyon ou a pa sifi, ALJ an ka swa pèmèt ou modifiye demann ou an oswa rejte demann lan. Si yon modifikasyon otorize, ou dwe modifiye petisyon w la jan ALJ an endike. Si demann lan rejte, ou ka korije defisyans yo epi depoze yon nouvo demann pou yon odyans pou pwosedi ofisyèl.

Èske mwen ka modifiye demann mwen an pou yon odyans pou pwosedi ofisyèl apre li fin depoze devan OSE?

Wi. Sepandan, ou ka modifiye demann ou pou yon odyans pou pwosedi ofisyèl avèk konsantman distri lekòl la sèlman oswa si w mande epi w resevwa otorizasyon nan men ALJ k ap tande ka w la. Si w pa resevwa konsantman nan men distri lekòl la oswa nan men yon ALJ, demann ou an pa ka modifiye.

Kisa k ap pase si distri lekòl la mande yon odyans pou pwosedi ofisyèl?

Si distri lekòl w la mande yon odyans pou pwosedi ofisyèl konsènan yon pwoblèm ki konsène timoun ou an, oumenm ak distri lekòl la ka antann nou pou sèvi ak medyasyon dispit la. Dosye pral transmèt bay OAL la imedyatman epi ou gendwa enfòme ALJ ki deziyen an ke ou ta renmen patisipe nan medyasyon an. Si distri lekòl la aksepte, y ap pwograme afè a pou medyasyon epi konferans pou medyasyon an ap òganize anvan kòmansman odyans pou pwosedi ofisyèl la. Si oumenm oswa distri lekòl la pa vle fè medyasyon afè a, y ap pwograme odyans pou pwosedi ofisyèl la.

Konbyen tan sa pran pou afè a deside?

Apre aktivite rezolisyon yo te fèt epi yo te transmèt dosye a bay OAL la, odyans pou pwosedi ofisyèl la dwe fini, epi yo dwe poste yon kopi desizyon an ba ou ak bay distri lekòl la oplita nan 45 jou, sof si ALJ la te akòde pwolongasyon delè byen presi.

Si mwen pa dakò ak yon desizyon ekip IEP timoun mwen an pran pou chanje estati kalifikasyon, klasifikasyon, pwogram oswa plasman li, epi mwen fè yon demann pou medyasyon ak/oswa yon odyans pou pwosedi ofisyèl, kisa k ap pase timoun mwen pandan y ap deside sou afè a?

Si w ranpli demann odyans pou pwosedi ofisyèl ou a apre w resevwa avi alekri distri a, aksyon ki pwopoze a pa ka fèt epi yo pa ka fè okenn chanjman nan klasifikasyon, pwogram oswa plasman timoun ou an. Timoun ou an t ap rete nan plasman aktyèl li a jiskaske medyasyon w ak/oswa odyans pou pwosedi ofisyèl ou a rezoud swa ak akò pati yo, ou retire demann lan oswa ALJ rann yon desizyon final.

Si demann ou pou yon odyans pou pwosedi ofisyèl enplike youn oswa plizyè pwoblèm konsènan plasman edikatif aktyèl timoun ou an nan bi pou "rete an plas", li apwopriye pou yon ALJ pran yon premye desizyon konsènan plasman an annatandan desizyon final la nan yon odyans pou pwosedi ofisyèl.

Kisa k ap pase si distri lekòl la pa respekte desizyon yon ALJ nan yon odyans pou pwosedi ofisyèl?

Ou gen dwa pou swa ale nan tribinal pou chèche yon òdonans ki oblije distri lekòl la respekte desizyon ALJ an, oswa ou ka soumèt yon demann alekri bay Direktè OSE an nan adrès ki endike anwo a epi chèche egzekisyon desizyon ALJ an. Ou dwe fè demann ou an oplita nan 90 jou apre lè distri lekòl la te dwe fè aksyon ou fè konnen ki pa te fèt la, epi demann ou an dwe genyen yon kopi desizyon Biwo Dwa Administratif la. Lè sa distri lekòl la ka reponn demann lan epi chèche rezoud dezakò a avèk ou. Si pwoblèm lan pa rezoud, OSE ap detèmine si distri lekòl la pa te respekte desizyon ALJ an epi, si yo detèmine distri lekòl la pa te respekte l, OSE ap mande distri lekòl la pou l respekte. Sepandan, si oumenm ak distri lekòl la dakò pou modifiye desizyon ALJ an apre li fin emèt li, ou pa gendwa chèche egzekisyon pati desizyon ALJ ou te modifiye a. Gen yon fòm ki tache nan fen tiliv sa a ki ka itilize pou mande egzekisyon desizyon pwosedi ofisyèl la.

ODYANS POU PWOSEDI OFISYÈL AKSELERE

Kisa yon odyans pou pwosedi ofisyèl akselere ye?

Yon odyans pou pwosedi ofisyèl akselere se yon odyans devan yon ALJ sou afè disiplin. Pa egzanp, si w pa dakò avèk detèminasyon ekip IEP a ki endike konpòtman timoun ou an pa te yon manifestasyon andikap li, ou ka mande yon odyans akselere. Si distri lekòl la kwè li danjere pou timoun ou an rete nan plasman aktyèl li a epi oumenm ak distri a pa kapab antann nou sou yon plasman apwopriye, distri a dwe mande yon odyans akselere pou retire timoun ou an.

Ki diferans ki genyen ant yon odyans pou pwosedi ofisyèl akselere epi lòt odyans pou pwosedi ofisyèl yo?

Yon odyans pou pwosedi ofisyèl akselere dwe òganize oplita nan 20 jou lekòl apre demann pou yon odyans pou pwosedi ofisyèl, epi desizyon ALJ an dwe rann oplita nan 10 jou lekòl apre odyans lan. Anplis, peryòd rezolisyon an pou yon odyans pou pwosedi ofisyèl akselere se 15 jou, epi reyinyon pou medyasyon an oswa reyinyon pou rezolisyon an dwe òganize oplita nan 7 jou apre demann pou odyans pou pwosedi ofisyèl la.

Èske medyasyon disponib nan kad yon odyans akselere?

Wi. Medyasyon disponib.

APLIKASYON POU SEKOU DIJANS

Kisa sekou dijans ye?

Sekou dijans se yon demann pou yon ALJ pran yon desizyon tanporè (pwovizwa) sou yon pwoblèm ki gen rapò ak yon demann pou yon odyans pou pwosedi ofisyèl. Oumenm oswa distri lekòl la ka fè yon demann pou sekou dijans. Demann pou sekou dijans lan voye imedyatman bay OAL la pou yon ALJ ka pran yon desizyon tanporè ki pral rete an plas jiskaske desizyon final la pran nan dosye a. Kesyon ki depann de demann sekou dijans tande rapidman epi san posiblite pou medyasyon oswa yon reyinyon pou rezolisyon. Kontrèman ak yon odyans pou pwosedi ofisyèl konplè, yon odyans dijans souvan konsantre sou agiman aloral baze sou sètifikasyon ak prèv ekri ki te soumèt deja.

Ki diferans ki genyen ant yon demann pou sekou dijans e yon demann pou yon odyans pou pwosedi ofisyèl?

Si oumenm oswa distri a fè yon demann pou sekou dijans, li dwe fèt anrapò avèk yon demann pou yon odyans pou pwosedi ofisyèl. Yon demann pou sekou dijans ap lakòz yon desizyon tanporè sou yon kesyon ki gen rapò ak demann pou yon odyans pou pwosedi ofisyèl. Desizyon tanporè a ap rete an plas jiskaske demann pou pwosedi ofisyèl la rezoud swa pa lentèmedyè yon akò pati yo oswa yon desizyon final yon ALJ rann apre yon odyans pou pwosedi ofisyèl konplè. Dwa ki apre la yo aplike nan tout odyans pou pwosedi ofisyèl yo, men yo p ap aplike pou yon demann pou sekou dijans paske kesyon ki konsène nan sekou dijans lan tandè byen vit. Dwa ki apre la yo ap rete disponib pou odyans pou pwosedi ofisyèl konplè a.

- Dwa pou patisipe nan yon reyinyon rezolisyon oswa medyasyon;
- Dwa pou kominike pwòp enfòmasyon ou, poze temwen lòt pati a kesyon, epi egzijè pou sèten moun presi patisipe nan odyans lan pou temwaye;
- Dwa pou anpeche itilizasyon nenpòt prèv nan odyans lan si distri a pa te pataje l avèk ou omwen senk jou ouvrab anvan odyans lan;
- Omwen senk jou ouvrab anvan odyans lan, toude pati yo dwe pataje tout evalyasyon ak rekòmandasyon yo prevwa pou itilize kòm prèv.

Paske demann sekou dijans lan abòde sèlman yon pwoblèm tanporèman, demann pou pwosedi ofisyèl la kontinye pandan tout egzijans yo, sa gen ladan yon okazyon pou pati yo patisipe nan yon reyinyon pou rezolisyon oswa medyasyon. Si demann paran an pou pwosedi ofisyèl la pa rezoud nan yon delè 30 jou apre demann lan fin resevwa, demann pou pwosedi ofisyèl la ap transmèt bay OAL la pou yon odyans pou pwosedi ofisyèl konplè sou tout kesyon ki nan demann lan.

Ki kesyon ki konsidere kòm kesyon “dijans”?

Yon demann pou sekou dijans ka fèt pou pwoblèm annapre la yo:

- Kesyon ki enplike yon enteripsyon nan livrezon sèvis yo (pa egzanp mankman pou bay yon enstriktè lakay oswa yon chanjman nan sèvis pandan ane lekòl pwolonje swa mankman pou bay sèvis sa yo);
- Kesyon konsènan plasman annatandan rezilta pwosedi ofisyèl yo; epi
- Kesyon ki enplike gradyasyon oswa patisipasyon nan seremoni gradyasyon.

Kòman yo decide sou sekou dijans?

Yo ka akòde sekou dijans si ALJ an detèmine ke:

- Petisyonè a pral sibi domaj san rechap si yo pa akòde sekou ki mande a;
- Dwa legal ki alabaz reklamasyon petisyonè a rezoud;
- Petisyonè a gen yon chans pou l ranpòte sou baz fondman reklamasyon alabaz la; epi
- Lè ekite ak enterè pati yo ekilibre, petisyonè a ap souffri pi gwo mal pase sa repondan an ap souffri si yo pa akòde sekou ki mande a.

Kòman pou m mande sekou dijans?

Anplis enfòmasyon ki nesesè pou mande yon odyans pou pwosedi ofisyèl oswa yon odyans pou pwosedi ofisyèl akselere, demann pou sekou dijans yo dwe soutni ak yon sètifikasyon siyen ki prezize motif demann lan. Gen yon sètifika vyèj nan tiliv sa a. Ou dwe bay distri lekòl la yon kopi demann lan epi demann lan dwe endike ou te bay distri lekòl la li.

Èske yon paran ka depoze yon demann pou sekou dijans pa mwayen kourye elektwonik oswa lòt fason pou soumèt elektwonikman?

Wi, OSE an ap aksepte yon demann pou sekou dijans elektwonikman nan yon adrès imèl OSE jere e siveye. Adrès postal la ap itilize pou soumèt demann yo. Petisyon ki ranpli yo dwe sovgade sou fòm dokiman Adobe PDF epi yo dwe soumèt kòm yon atachman nan yon imèl ki voye bay:

osepdisputeresolution@doe.nj.gov. Adobe Acrobat Reader se yon lojisyèl pou lekti dokiman ki disponib pou [telechaje gratis](#).

Kisa k ap pase si mwen bezwen mande sekou dijans apre dosye mwen an fin voye pou yon odyans pou pwosedi ofisyèl?

Si w bezwen mande yon òdonans dijans apre dosye w la fin voye nan Biwo Dwa Administratif la pou yon odyans pou pwosedi ofisyèl, ou ka depoze demann ou an devan ALJ ki deziyen pou tande dosye pwosedi ofisyèl ou a. Apre ALJ an pral egzamine demann ou an, li pral tande agiman oumenm ak distri lekòl la, epi l ap rann yon desizyon konsènan demann ou pou sekou dijans lan.

DWA POU ODYANS POU PWOSEDI OFISYEL

Sa ki annapre la yo se dwa pwosedi ofisyèl pou toude pati yo:

- Paran an gen dwa pou konsèy legal ak moun ki gen konesans espesyal oswa fòmasyon konsènan timoun ki gen andikap konseye l e akonpaye l nan odyans pou pwosedi ofisyèl la. Yon konsèy legal dwe reprezante distri a;
- Nenpòt pati gendwa prezante prèv, mande prezans temwen epi entèwoje temwen yo;
- Nenpòt pati ka mande ALJ la sispann prezantasyon nenpòt prèv, sa gen ladan nenpòt evalyasyon oswa rekòmandasyon ki baze sou evalyasyon sa yo, ki pa te echanje omwen senk jou anvan yon odyans pou pwosedi ofisyèl oswa omwen de jou anvan yon odyans pou pwosedi ofisyèl akselere; epi
- Nenpòt pati ka jwenn yon kontrandi mo pou mo odyans lan alekri oswa elektwonik. Si w vle, ou gen dwa pou w jwenn yon kontrandi mo pou mo alekri oswa elektwonik sou odyans lan ak sa ki te konstate epi desizyon an. Yo pral ba oumenm paran an gratis sa ki te konstate epi desizyon anrejistre a.

Ou gen dwa pou:

- Mande epi resevwa, nan men distri lekòl ou a, yon lis nenpòt sèvis legal gratis oswa a bon mache ansanm ak lòt sèvis defans ki disponib. OSE voye lis sa a ba w lè w mande yon odyans pou pwosedi ofisyèl;
- Gade lis OAL la konsève ki gen ALJ yo ak kalifikasyon yo;
- Fè odyans lan disponib pou piblik la;
- Fè timoun ou an prezan nan odyans lan;
- Fè yon entèprèt prezan, si sa nesesè, gratis pou ou; epi
- Fè odyans lan òganize nan yon lè ak yon kote ki bon pou ou yon fason rezonab.

Elèv ki gen andikap ki gen plis pase 21 lane epi k ap resevwa sèvis edikasyon espesyal gen dwa pou mande yon medyasyon oswa yon odyans pou pwosedi ofisyèl pou rezoud yon diskisyon konsènan idantifikasyon, evalyasyon, plasman oswa founiti yon edikasyon piblik gratis apwopriye.

Yo bay Konsèy Konsiltatif Eta a pou Edikasyon Espesyal (State Special Education Advisory Council, SSEAC) kopi desizyon pwosedi ofisyèl la epi yo disponib pou piblik la apre yo fin retire enfòmasyon ki idantifye moun pèsònèlman.

Jij Dwa Administratif yo

- Yon moun ki anplwaye nan nenpòt ajans piblik ki enplike nan edikasyon oswa swen timoun ou a oswa ki gen yon konfli enterè pèsonèl oswa pwofesyonèl otreman pa kapab dirije odyans yo. Nan New Jersey se yon jij dwa administratif nan Biwo Dwa Administratif la ki toujou dirije odyans lan. Yon ALJ pa konsidere kòm anplwaye nan yon ajans piblik ki enplike nan edikasyon oswa swen timoun ou an sèlman paske yo peye l pou dirije odyans pou pwosedi ofisyèl la.
- Desizyon yon ALJ pran se yon desizyon definitiv epi oumenm ak distri lekòl la dwe swiv li, sof si youn nan pati yo fè apèl kont desizyon an nan yon tribinal Eta oswa federal oplita nan 90 jou apre dat desizyon an.

Èske mwen ka fè apèl kont desizyon Jij Dwa Administratif la nan yon odyans pou pwosedi ofisyèl si mwen pa dakò avèk li?

Wi. Desizyon ALJ an nan yon odyans pou pwosedi ofisyèl se yon desizyon definitiv li ye epi Tribinal Distri Etazini oswa Tribinal Siperyè New Jersey kapab revize epi chanje l sèlman konfòmman ak règle chak tribinal pou depoze yon afè devan yo. Si w pa dakò ak desizyon ALJ an nan ka pwosedi ofisyèl ou a, ou ka fè apèl devan youn nan tribinal sa yo oplita nan 90 JOU KALANDRIYE apre dat ALJ an te rann desizyon an. Nan yon apèl, tribinal la pral egzamine dosye odyans pou pwosedi ofisyèl oumenm ak distri lekòl la bay epi tandè lòt prèv sou demann ou oswa distri lekòl la. Apres tribinal la pral rann yon desizyon baze sou yon preponderans prèv la.

Èske mwen ka konkli yon akò règleman avèk distri a pou rezoud demann mwen pou pwosedi ofisyèl la?

Wi, ou ka konkli yon akò règleman an prive, deyò pwosesis OAL la. ALJ yo gendwa fasilite diskisyon ki mennen nan yon rezolisyon, men on fwa yon akò konkli, pati yo dwe finalize kondisyon yo yon fason endepandan. OAL la p ap rann yon desizyon final ki apwouve règleman an. Si akò règleman an se pou plasman nan yon lekòl prive akredite ki pa apwouve prezizeman pou edikasyon elèv ki gen andikap dapre N.J.A.C. 6A:14-6.5, ALJ an gendwa apwouve akò règleman an pou trete sèlman plasman elèv la nan lekòl prive a, men apwobasyon an p ap deziyen kòm yon desizyon final OAL la rann.

FRÈ AVOKA

Kòman mwen ka rekipere frè avoka?

Ou gendwa mande yon òdonans nan men yon tribinal Eta oswa yon tribinal federal pou akòde frè avoka ak frè rezonab nan limit lalwa si w ranpòte laviktwan nan odyans pou pwosedi ofisyèl ou a.

Èske yo ka refize oswa redui frè avoka yo?

Jij la ka redui yon atribisyon frè avoka lè li konsidere demann lan baze sou estanda ki aplikab pou akòde frè yo, sa gen ladan si pandan pwosedi a ou te retade règleman an oswa desizyon nan afè a yon fason ki pa rezonab, tan ki pase a epi sèvis ki te bay yo te twòp oswa frè avoka ou a chaje depase tarif rezonab yo.

Èske distri lekòl la ka mande frè avoka?

Wi. Yon distri lekòl ka mande frè avoka si distri lekòl la ranpòte laviktwan nan ka pwosedi ofisyèl ou te depoze a. Si jij tribinal Eta oswa tribinal federal la detèmine ka pwosedi ofisyèl te frivòl oswa san fondman, oswa, li te prezante pou nenpòt objektif ki pa jistifye, jij la ka òdone avoka w la peye frè avoka distri lekòl la. Si w pa gen avoka epi jij Eta a oswa jij federal la detèmine dosye pou pwosedi ofisyèl ou a te prezante pou nenpòt objektif ki pa jistifye, tankou pou arase, lakòz reta initil oswa pou ogmante san rezon pri dispit san nesesisite, jij la ka òdone pou w peye frè avoka distri lekòl la.

Kisa yon plent Eta ye?

Yon plent Eta a se yon pwosedi pou pretann ke yon ajans edikasyon piblik oswa prive ki bay pwogram ak sèvis edikatif ki gen finansman piblik pou elèv ki gen andikap, sa gen ladan Depatman Edikasyon Eta a, te vyole lwa nan nivo federal oswa Eta sou edikasyon espesyal. Yon plent Eta a, jan non li endike, depoze nan Depatman Edikasyon Eta a, epi li mande yon ankèt endepandan Depatman an fè sou vyolasyon prezime a(yo).

Ki diferans ki genyen ant yon plent Eta a ak yon demann odyans pou pwosedi ofisyèl?

Lè l ap deside si pou l depoze yon plent Eta a oswa yon demann odyans pou pwosedi ofisyèl, yon paran dwe okouran diferans ki genyen ant de pwosedi yo. Yo diskite sou diferans sa yo nan yon piblikasyon apa, ki gen tit Konparezon Plent Alekri Eta a ak Demann pou Odyans pou Pwosedi ofisyèl, ki disponib nan

[https://www.nj.gov/education/specialed/policy/disputeresolution/Files%20\(docs%20and%20images\)/ComparisonofStateComplaintvsRequestforDueProcess.pdf](https://www.nj.gov/education/specialed/policy/disputeresolution/Files%20(docs%20and%20images)/ComparisonofStateComplaintvsRequestforDueProcess.pdf). Kèk diferans enpòtan yo se nan fason konsa:

- 1) yon plent Eta egzije Depatman Edikasyon Eta a pou mennen ankèt limenm sou akizasyon yon paran alòske yon odyans pou pwosedi ofisyèl se yon pwosesis ofisyèl, kontradikwa devan yon Jij Dwa Administratif, ki souvan mande pou anboche temwen ekspè;
- 2) yon plent Eta a dwe depoze oplita nan yon ane apre vyolasyon prezime an, alòske yon petisyon pou pwosedi ofisyèl dwe depoze oplita nan dezan apre dat paran an te konnen oswa ta dwe konnen vyolasyon prezime an;
- 3) nenpòt moun ka depoze yon plent Eta alòske yon paran, gadyen oswa elèv adilt kapab sèlman depoze yon petisyon pou yon pwosedi ofisyèl (oswa, nan sèten ka, yon ajans edikasyon lokal);
- 4) yon plent Eta a ka konsène vyolasyon nan tout sistèm la ki afekte yon elèv endividyèl ak/oswa yon gwoup elèv alòske yon petisyon pou pwosedi ofisyèl anjeneral konsène yon elèv pèsònèlman.

REZOLISYON PLENT ETA

Kiyès ki ka depoze yon plent Eta a?

Nenpòt moun, sa gen ladan yon òganizasyon oswa yon moun ki soti nan yon lòt Eta, kapab mande yon ankèt sou yon plent Eta.

Kòman yo ka depoze yon demann pou yon ankèt sou yon plent Eta?



Pa Imèl: specialeducationcomplaints@doe.nj.gov



Pa Lapòs:

Director

Office of Special Education

New Jersey Department of Education

P.O. Box 500

Trenton, New Jersey 08625-0500

Èske gen yon delè pou depoze yon plent Eta a?

Wi. Gen delè ki fikse pou depoze yon plent Eta a pou pwoblèm yo pa twò perime pou pèmèt rive jwenn yon rezolisyon apwopriye. Pleyan an dwe pretann gen yon vyolasyon ki te fèt pa plis pase yon ane anvan dat Biwo Edikasyon Espesyal la (Office of Special Education, OSE) resevwa plent lan.

Ki pwoblèm ki ka abòde nan yon plent Eta a?

Yon plent Eta a kapab abòde nenpòt pwoblèm ki pretann ke gen yon vyolasyon lwa oswa règleman edikasyon espesyal nan nivo federal oswa Eta. Pwoblèm sa yo gen ladan mankman yon ajans edikasyon pou bay yon timoun endividyèl oswa yon gwoup timoun yon edikasyon piblik gratis, apwopriye (FAPE) oswa FAPE nan anviwònman ki gen mwens restriksyon an, bay tout sèvis ki egzije nan pwogram edikasyon endividyalize (IEP) youn oswa plizyè elèv, respekte obligasyon child find li, oswa evalye elèv(yo) yon fason apwopriye oswa detèmine kalifikasyon. Byenke plent Eta a ka detèmine si yon ajans edikasyon te swiv pwosedi obligatwa yo – tankou òganize reyinyon IEP anyèl avèk patisipan kòrèk yo – plent Eta a abòde tou pwoblèm enpòtan, sa gen ladan si IEP a te devlope ak/oswa si plasman pwopoze ki seleksyone a te konfòm avèk egzijans lwa IDEA yo kont teni de bezwen endividyèl timoun nan. Pou deside sou pwoblèm sa yo, anketè plent yo jwenn done sou pwogrè elèv la epi detèmine si desizyon ekip IEP a te pran konsènan pwogram oswa sèvis edikatif timoun nan te soutni yon fason rezonab ak done timoun lan prezizeman. Konfòmman ak 20 U.S.C. §1412(a)(14)(E), yon paran kapab depoze yon plent Eta a konsènan kalifikasyon estaf la tou.

Èske yo ka depoze yon plent Eta ki pretann yon ajans edikasyon pa mete ann aplikasyon yon desizyon odyans pou pwosedi ofisyèl?

Wi, OSE dwe rezoud yon plent Eta ki pretann yon ajans edikasyon pa mete ann aplikasyon yon desizyon odyans pou pwosedi ofisyèl selon menm pwosedi ki aplike pou tout lòt plent Eta yo. Plent Eta a dwe depoze oplita nan yon ane apati dat aksyon an ki te òdone nan desizyon odyans pou pwosedi ofisyèl la te oblije fèt.

Si yo te òdone plis pase yon sèl aksyon, lè sa yon plent Eta apa ka depoze pou chak aksyon ki pa rive pran, akondisyon OSE resevwa chak plent oplita nan yon ane apre dat chak aksyon sa yo te dwe pran.

Kòman yo rezoud yon Plent Eta?

- 1) Li pi preferab pou pleyan potansyèl la ak ajans edikasyon an travay ansanm pou yo ka jwenn yon konpreyansyon enkyetid respwòk yo ansanm ak yon akò nan pi bon enterè elèv ki gen yon andikap la anvan li vin nesèsè pou depoze yon plent ofisyèl.
- 2) Si yon plent ofisyèl depoze devan OSE, yo akòde pati yo yon peryòd dis jou rezoud pwoblèm ki nan plent la anvan yon ankèt kòmanse. Yo konsidere peryòd dis jou sa a kòm yon okazyon pou Rezolisyon Bonè. Yon deklarasyon rezolisyon siyen soumèt bay OSE an pou montre pwoblèm lan rezoud. Medyasyon disponib gratis tou pou pati yo.
- 3) Pandan peryòd ankèt la, OSE ka fè entèvyou, egzamine dokiman pati yo soumèt, egzamine politik yo, pwosedi yo, ak dosye(yo) pou elèv la, epi fè yon ankèt sou plas ki gen ladan obsèvasyon pwogram yo, jan sa nesèsè, pou yo ka rive nan detèminasyon endepandan pou konnen si ajans edikasyon an ap vyole yon lwa oswa yon règleman sou edikasyon espesyal. Si plent Eta a te depoze kont Depatman Edikasyon Eta a, OSE ka itilize yon pati deyò pou mennen ankèt la epi pibliye yon rapò.
- 4) Sòf si yon plent rezoud pa mwayen pwosedi rezolisyon bonè a, yon rapò ap emèt, ki pral gen nan li konstatasyon reyalite konsènan chak akizasyon ki reprezante sijè apwopriye pou yon plent Eta, konklizyon, rezon pou desizyon final la e nenpòt aksyon pou koreksyon ajans edikasyon an dwe pran (sa gen ladan delè pou mizanplas ak pou finisman) pou repare yon vyolasyon. Aksyon pou koreksyon an ka gen ladan akòde sèvis konpansatwa, ranbousman lajan, oswa lòt reparasyon ki apwopriye pou bezwen elèv la(yo). Plan daksyon pou koreksyon yo ka gen direktiv nan yo tou pou asire vyolasyon an p ap refèt.

REZOLISYON PLENT ETA

Ki enfòmasyon yo dwe mete nan demann ankèt sou plent Eta a?

Yon plent Eta dwe gen ladan:



Yon deklarasyon ki endike youn oswa plizyè vyolasyon te fèt nan lwa oswa règleman edikasyon espesyal nan nivo federal oswa Eta.



Presize peryòd tan oswa dat lè chak vyolasyon prezime te fèt.

Remak: Ou dwe pretann gen yon vyolasyon ki te fèt pa plis pase yon ane anvan dat OSE resevwa plent lan.



Reyalite chak vyolasyon prezime lwa oswa règleman edikasyon espesyal nan nivo federal oswa Eta baze sou yo (nou ankouraje w pou bay kopi tout dokiman ki soutni akizasyon ou a(yo)). Si w ap deklare distri a pa mete ann aplikasyon IEP yon elèv byen presi epi w gen yon kopi IEP a, tanpri mete yon kopi tout IEP a ansanm ak nenpòt lòt dokiman ki soutni akizasyon w yo.



Non, adrès, siyati ak enfòmasyon kontak moun ki depoze plent lan.



Si w pretann gen yon vyolasyon konsènan yon timoun byen presi oswa timoun byen presi, ou dwe bay tou:

- Non an(yo) pou timoun lan oswa timoun yo presizeman ansanm ak lekòl(yo) kote vyolasyon prezime an(yo) te fèt;
- Relasyon moun ki depoze plent lan avèk elèv(yo) byen presi a;
- Yon deskripsyon sou nati pwoblèm lan, ansanm ak bagay ki gen rapò ak pwoblèm lan;
- Yon deklarasyon sou fason ou ta renmen rezoud pwoblèm lan, nan mezi ou konnen epi ki disponib pou ou nan moman depo a.



Nan ka yon timoun oswa yon jèn ki sanzabri, enfòmasyon pou kontakte timoun nan.



Si w ap pretann yon vyolasyon konsènan yon gwoup timoun, ou dwe presize gwoup elèv ki afekte ak vyolasyon prezime an ansanm ak lekòl(yo) kote vyolasyon prezime an(yo) te fèt. Pa egzanp, ou ta ka pretann ke ajans edikasyon an p ap bay sipò nan klas pou elèv 3yèm ane ki nan [mete non lekòl la] oswa ke elèv ki gen andikap k ap patisipe nan yon salklas edikasyon jeneral espesyalman p ap resevwa sipò nan klas IEP yo a egzije.

Gen yon modèl fòm nan fen tiliv sa a pou ede w depoze yon plent. Tanpri, fòk ou konnen itilizasyon fòm modèl la pa obligatwa; sepandan, lè w bay enfòmasyon yo mande a sa gendwa ede akselere demann ou an.

Èske yo dwe bay yon kopi plent Eta a ba ajans edikasyon ki responsab pwogram edikatif elèv la(yo)?

Wi. Ou dwe transmèt yon kopi plent Eta a bay ajans edikasyon plent lan dirije kont li a an menm tan ou depoze plent lan nan Depatman Edikasyon New Jersey a.

Konbyen tan sa pran pou pran yon desizyon sou yon plent Eta?

Lwa ak règleman nan nivo federal/Eta egzije pou pran yon desizyon sou yon plent oplita nan 60 jou kalandriye apre OSE resevwa plent alekri siyen an. Direktè OSE an ka pwolonje delè pou finisman ankèt la sèlman si gen sikonstans eksepsyonèl konsènan yon plent espesyalman oswa si paran an ak ajans edikasyon an dakò pou regle dispit la nan medyasyon oswa angaje nan yon lòt mwayen pou rezolisyon dispit la. Pou rezon sa a, yo mande pati yo pou yo kolabore pou rezoud pwoblèm ki soulve nan plent lan epi/oswa pou yo soumèt dokiman ki nesèsè yo rapidman.

Kisa k ap pase si gen domèn non-konfòmite?

Si yo jwenn ajans edikasyon pa konfòme l, rapò OSE emèt la ap gen ladan, si sa nesèsè, asistans teknik e yon plan daksyon pou koreksyon ki devlope pou reyalize konfòmite avèk lwa e règleman yo nan nivo federal ak Eta.

Si yon plent Eta a revele sèvis apwopriye yo pa te bay oswa yon IEP pa te mete ann aplikasyon konplètman oswa yo pa te ofri FAPE, ki rekou ki gen pou elèv endividyèl la oswa pou gwoup elèv yo?

Si OSE konstate yon mankman pou bay sèvis apwopriye yo, li dwe abòde mankman sa a pa mwayen remèd pou vyolasyon pase yo tankou sèvis konpansasyon oswa ranbousman lajan, ansanm ak founiti sèvis apwopriye alavni pou tout elèv ki gen andikap.

Kisa k ap pase si yon plent Eta depoze sou yon menm kesyon y ap trete nan yon odyans pou pwosedir ofisyèl?

Si yon plent devan Eta soumèt sou yon menm kesyon k ap trete nan yon odyans pou pwosedir ofisyèl, plent Eta a dwe mete sou kote (mete an sispan) jiska konklizyon odyans pou pwosedir ofisyèl la. Si plent Eta a gen nan li plizyè pwoblèm, epi youn oswa plizyè se pwoblèm ki nan yon odyans pou pwosedir ofisyèl, pwoblèm nan plent Eta a ke odyans pou pwosedir ofisyèl la ap trete a dwe mete sou kote jiska konklizyon odyans pou pwosedir ofisyèl la. Sepandan, nenpòt kesyon ki soulve nan plent Eta a ki pa fè pati odyans pou pwosedir ofisyèl la dwe rezoud kanmenm nan delè ki egzije yo.

Si mwen te deja depoze yon demann pou ankèt sou yon plent Eta, èske mwen ka mande kanmenm yon odyans pou pwosedir ofisyèl?

Wi. Lefèt ke yon plent Eta te depoze pa limite dwa pou mande yon pwosedir ofisyèl konsènan kesyon ki soulve nan plent Eta a. Sepandan, si yon plent Eta a se sijè a tou nan yon odyans pou pwosedir ofisyèl, OSE dwe mete sou kote nenpòt pati nan plent Eta a y ap abòde nan odyans pou pwosedir ofisyèl la jiska konklizyon odyans lan.

Kisa k ap pase si yon plent Eta depoze sou yon menm kesyon ki te deja deside nan yon odyans pou pwosedir ofisyèl?

Si yon kesyon soulve nan yon plent Eta ki te deja deside nan yon odyans pou pwosedir ofisyèl ki enplike menm pati yo, desizyon odyans lan gen fòs legal. OSE dwe enfòm moun oswa òganizasyon ki soumèt plent Eta a ke desizyon odyans pou pwosedir ofisyèl la gen fòs legal. Pakonsekan, yo pa kapab mennen yon ankèt sou plent Eta a.

Èske m ap gen posiblite pou bay enfòmasyon anplis sou plent Eta a?

Wi. Yo bay pleyan an posiblite pou bay enfòmasyon anplis sou plent Eta a, swa aloral oswa alekri.

Kòman yo pral fè m konnen rezilta ankèt sou plent Eta a?

Ou pral resevwa yon rapò alekri sou sa ki te konstate, konklizyon yo, motif pou desizyon an e nenpòt aksyon pou koreksyon obligatwa oplita nan 60 jou kalandriye apre demann lan resevwa, sof si yon pwolongasyon akòde pou sikonstans ki jistifye konsiderasyon.

Ki aksyon ki ka pran si yon pati kwè gen yon erè nan rapò a?

Si yon pati (pleyan an oswa ajans edikasyon an) kwè gen yon erè ki afekte konklizyon an, detèminasyon konfòmite oswa non-konfòmite a, oswa aksyon pou koreksyon an, pati a ka enfòme OSE ak lòt pati a, alekri, oplita nan 15 jou apre dat rapò a. Lèt la dwe idantifye erè prezime an epi mete nenpòt dokiman pou kore reklamasyon ki endike yon erè yo te fèt. Si yon pati pa soumèt dokiman aplikab, OSE p ap kapab egzamine reklamasyon an. Apre li resevwa lèt la ak dokiman yo, OSE ap deside ki dispozisyon yo pral pran pou detèmine si yon erè te fèt. Toude pati yo ap enfòme alekri sou rezilta a. Si yon erè pwouve, y ap egzamine rapò a, jan sa nesesè.

E si mwen pa dakò ak rezilta yon ankèt sou yon plent Eta a?

Yon rapò ankèt sou yon plent konsidere kòm yon desizyon final ajans lan. Kidonk, ou ka depoze yon apèl nan Divizyon Apèl Tribinal Siperyè New Jersey. Ou gen 45 jou apati dat desizyon an pou depoze apèl la. Gen plis enfòmasyon disponib nan: <https://www.njcourts.gov/self-help/appeals/guide>.

Yon lòt chwa, ou gen dwa pou w depoze yon demann odyans pou pwosedi ofisyèl pou reponn ak enkyetid ou yo menm si yo te deja depoze yon plent Eta a.

Kisa mwen ka fè si ajans edikasyon an pa respekte okenn aksyon pou koreksyon Eta a te òdone nan rapò li a?

Ou dwe enfòm OSE alekri ke ajans edikasyon ki enplike nan plent lan pa mete ann aplikasyon youn oswa plizyè aspè nan desizyon alekri Eta a ak/oswa aksyon pou koreksyon yo. Si OSE konstate ke ajans edikasyon an pa te mete ann aplikasyon konplètman desizyon alekri Eta a ak/oswa aksyon pou koreksyon yo alè, li dwe pran dispozisyon pou aplike tout aspè nan plan daksyon pou koreksyon li a jiskaske ajans edikasyon an nan konfòmite konplè, dèke sa posib, men nan okenn ka pa pita pase yon ane apre Eta a te idantifye non-konfòmite a.

Kisa sistèm plent Eta a pa kapab fè?

OSE pa mennen ankèt sou plent konsènan vyolasyon prezime Seksyon 504 nan Lwa 1973 sou Reyadaptasyon an oswa lòt akizasyon pou vyolasyon dwa sivil. Kesyon sa yo adrese dirèkteman bay Biwo pou Dwa Sivil la nan Depatman Edikasyon Etazini nan 800-421-3481 oswa nan Biwo Pwokirè Jeneral New Jersey a, Divizyon Dwa Sivil, <https://www.njoag.gov/about/divisions-and-offices/division-on-civil-rights-home/>.

Epitou, apade kalifikasyon estaf la, ki abòde anwo la a, OSE pa ka abòde kesyon pèsònèl oswa afè edikasyon jeneral. Konsèy lokal yo responsab operasyon lekòl yo, sa gen ladan sipèvizyon pèsònèl la ak administrasyon pwogram yo.

PWOSEDI DISIPLINÈ

Èske distri lekòl mwen an dwe disipline timoun mwen an si li vyole yon kòd konduit elèv?

Non. Distri lekòl ou a ka konsidere sikonstans inik timoun ou an lè l ap detèmine si yon chanjman nan plasman apwopriye kòm aksyon disiplinè pou vyolasyon yon kòd konduit elèv.

Èske distri lekòl la ka retire timoun mwen an nan plasman aktyèl li a pou rezon disiplinè?

Wi. Otorite lekòl yo ka sispann (retire) timoun ou an nan plasman aktyèl li a pou yon dire ki pa plis pase 10 jou lekòl yon sèl kou pou nenpòt vyolasyon règ lekòl la si timoun ki pa andikape yo ta sibi retransmisyon pou menm ofans lan. Sepandan, elèv preskolè ki gen andikap yo pa ka sispann pou dire long oswa pou dire kout, epi yo pa ka ekspilse yo.

Èske timoun mwen an ap resevwa nenpòt sèvis si yo retire li pou yon peryòd mwens pase 10 jou lekòl?

Wi. Règleman ki kouvri edikasyon jeneral egzije pou tout elèv resevwa sèvis edikatif pa pita pase senkyèm jou retransmisyon ou dèyè lòt pou rezon disiplinè. Sa siyifi elèv ki gen andikap yo dwe resevwa sèvis ki konfòm avèk IEP yo a nan senkyèm jou nenpòt retransmisyon pou rezon disiplinè, oswa pi bonè si distri a detèmine li apwopriye pou bay sèvis yo.

Èske distri lekòl la ka retire timoun mwen an plizyè fwa pou ensidan move konduit separe?

Wi. Responsab lekòl yo ka retire timoun ou an nan plasman aktyèl li a pou jiska 10 jou lekòl yon sèl kou, nenpòt lè disiplin lan apwopriye, epi retransmisyon sa konfòm avèk tretman timoun ki pa andikape yo. Anplis, responsab lekòl yo ka mete ann aplikasyon sispann sipleman tou pou jiska 10 jou lekòl yon sèl kou nan ane lekòl la pou ensidan move konduit separe si yo bay sèvis edikatif pou res retransmisyon yo, nan mezi sa nesesè. Responsab lekòl yo pa oblije enplike w nan desizyon pou retire timoun ou an oswa nan desizyon konsènan sèvis yo pral bay yo. Sepandan, responsab lekòl yo pa ka retire timoun ou an plizyè fwa pou sispann dire kout (jiska 10 jou lekòl yon sèl kou) si sispann sa yo reprezante yon modèl ki reprezante yon chanjman nan plasman.

Ki dispozisyon lekòl la dwe pran lè l ap aplike yon seri retrè dire kout?

Yon seri retrè dire kout nan plasman edikatif aktyèl timoun ou an ka yon modèl ki lakòz yon chanjman nan plasman lè kantite total jou lekòl yo akimile (adisyone vin bay) plis pase 10. Responsab lekòl la nan tèt ansanm avèk responsab dosye a detèmine si seri retrè dire kout yo se yon chanjman nan plasman. Detèminasyon pou konnen si seri retrè dire kout yo reprezante yon chanjman nan plasman baze sou si konduit ki te lakòz retrè a sanblab ak konduit ki te lakòz retrè anvan yo epi konsiderasyon faktè annapre la yo: dire chak retrè, kantite tan total yo retire timoun ou an, ak nan ki degre (pwoksimate) retrè yo pwòch youn ak lòt.

Si seri retrè dire kout yo pa yon chanjman nan plasman, yo ka retire timoun ou an nan plasman aktyèl li a. Responsab yo nan distri lekòl la nan tèt ansanm avèk responsab dosye timoun nan epi omwen youn nan pwofesè timoun ou an detèmine nan ki pwen sèvis yo nesesè pou pèmèt timoun ou an patisipe nan pwogram edikasyon jeneral la epi pou avanse yon fason apwopriye nan direksyon pou atenn objektif ki fikse nan IEP timoun ou an.

Si responsab lekòl la nan tèt ansanm avèk responsab dosye a, detèmine seri retrè dire kout yo se yon chanjman nan plasman, ekip IEP a dwe rankontre pou detèmine si move konduit la se yon manifestasyon andikap elèv la (yon **detèminasyon manifestasyon**). Antanke manm ekip IEP an, ou gen dwa pou w patisipe nan reyinyon sa yo. Responsab distri lekòl la, manm ki konsène nan ekip IEP a epi oumenm pran yon desizyon pou manifestasyon. Konduit se yon manifestasyon andikap yon elèv si:

- move konduit ki konsène a se akòz, oswa li gen yon gwo relasyon dirèk ak, andikap timoun lan; OUBYEN
- move konduit ki konsène a se konsekans dirèk mankman distri lekòl la ki pa te mete ann aplikasyon IEP timoun lan.

Si youn nan kritè sa yo ranpli, konduit ki konsène a se yon manifestasyon andikap timoun ou an. Si se konsa, distri lekòl la dwe fè yon evalyasyon konpòtmantal fonksyonèl (Functional Behavioral Assessment, FBA) timoun ou an sof si li te deja fè youn anvan konpòtman ki te lakòz aksyon disiplinè a. Distri lekòl la dwe devlope tou yon plan entèvansyon pou konpòtman (Behavior Intervention Plan, BIP) pou timoun ou an oswa modifiye BIP a si timoun ou an deja gen yon BIP. Si yo detèmine konduit la pa yon manifestasyon andikap timoun ou an, oumenm ak distri lekòl la ka dakò toujou pou reyalize yon evalyasyon konpòtmantal fonksyonèl timoun ou an epi revize oswa devlope yon BIP pou timoun ou an.

Si konpòtman an se yon manifestasyon andikap timoun ou an, yo pa dwe retire timoun ou an nan plasman edikatif aktyèl li a (eksepte nan ka dwòg, zam oswa blesi kòporèl grav) sof si ekip IEP a devlope yon nouvo IEP epi pwopozè yon nouvo plasman pou timoun ou an. Si konpòtman an se pa yon manifestasyon andikap timoun ou an, yo gendwa pini l menm jan ak nenpòt lòt timoun sof ke lekòl la dwe kontinye bay timoun ou an sèvis. Ekip IEP a detèmine kantite sèvis ki nesesè pou pèmèt timoun ou an patisipe nan pwogram edikasyon jeneral la epi pou avanse yon fason apwopriye nan direksyon pou atenn objektif ki fikse nan IEP timoun ou an.

Ou ka mande medyasyon, yon odyans pou pwosedi ofisyèl oswa yon odyans pou pwosedi ofisyèl akselere pou w an dezakò avèk desizyon pou retire timoun ou an pou plis pase 10 jou lekòl adisyone.

Ki dispozisyon lekòl la dwe pran pou sispann timoun mwen an pou plis pase 10 jou lekòl youn apre lòt?

Retire timoun ou an nan plasman edikatif aktyèl pou plis pase 10 jou lekòl youn apre lòt pou rezon disiplinè se yon chanjman nan plasman li ye. Si distri lekòl la vle sispann timoun ou an pou plis pase 10 jou lekòl youn apre lòt, ekip IEP a dwe òganize yon reyinyon pou egzamine BIP ki te devlope pou timoun ou an nan kad IEP li. Si yon BIP pa te fè pati IEP timoun ou an, lè sa ekip IEP a dwe fè yon FBA epi devlope yon BIP. Anplis, ekip IEP a dwe detèmine si wi ou non konpòtman an se manifestasyon andikap timoun ou an. Antanke manm ekip IEP an, ou gen dwa pou w patisipe nan reyinyon sa yo.

Responsab distri lekòl la ak manm ki konsène nan ekip IEP a ki gen ladann oumenm pran yon desizyon pou manifestasyon. Konduit se yon manifestasyon andikap youn elèv si:

- move konduit ki konsène a se akòz, oswa li gen yon gwo relasyon dirèk ak, andikap timoun lan; OUBYEN
- move konduit ki konsène a se konsekans dirèk mankman distri lekòl la ki pa te mete ann aplikasyon IEP timoun lan.

Si youn nan kritè sa yo ranpli, konduit ki konsène a se yon manifestasyon andikap timoun ou an. Si se konsa, distri lekòl la dwe fè yon FBA timoun ou an sof si li te deja fè youn anvan konpòtman ki te lakòz aksyon disiplinè a. Distri lekòl la dwe devlope tou yon BIP pou timoun ou an oswa modifye BIP a si timoun ou an deja gen yon BIP. Si yo detèmine konduit la pa yon manifestasyon andikap timoun ou an, oumenm ak distri lekòl la ka dakò toujou pou reyalize yon FBA timoun ou an epi revize oswa devlope yon BIP pou timoun ou an.

Si konpòtman an se yon manifestasyon andikap timoun ou an, yo pa dwe retire timoun ou an nan plasman edikatif aktyèl li a (eksepte nan ka dwòg, zam oswa blesi kòporèl grav) sof si ekip IEP a devlope yon nouvo IEP epi pwopoze yon nouvo plasman pou timoun ou an. Si konpòtman an se pa yon manifestasyon andikap timoun ou an, yo gendwa pini l menm jan ak nenpòt lòt timoun sof ke lekòl la dwe kontinye bay timoun ou an sèvis. Ekip IEP a detèmine kantite sèvis ki nesesè pou pèmèt timoun ou an patisipe nan pwogram edikasyon jeneral la.

Ki dispozisyon lekòl la ka pran pou retire timoun mwen an pou disiplin si gen zam, dwòg oswa blesi kòporèl grav ki enplike?

Distri lekòl la ka mete timoun ou an nan yon anviwònman edikatif ranplasan pwovizwa (Interim Alternative Educational Setting, IAES) pou jiska 45 jou kalandriye, si timoun ou an:

- Posede yon zam nan lekòl la oswa pote yon zam nan lekòl la oswa nan yon aktivite lekòl la;
- Posede oswa itilize dwòg ilegal, oubyen vann oswa ofri vann sibstans ki anba kontwòl yo pandan li nan lekòl la oswa nan yon aktivite lekòl la; oswa
- Te lakòz yon blesi kòporèl grav.

Ekip IEP a pral deside IAES la ak etap ki dwe swiv nan fen plasman 45 jou a.

Ki dispozisyon lekòl la ka pran pou retire timoun mwen an pou danje pou tèt li oswa pou lòt moun?

Distri lekòl la ka jwenn yon òdonans nan men yon ALJ pou chanje plasman edikatif timoun ou an pou l vin nan yon IAES pou jiska 45 jou, si gen yon danje pou timoun ou an oswa pou lòt moun gendwa blese si timoun ou an rete nan plasman aktyèl la. ALJ an ap deside IAES la.

Plasman Pandan Medyasyon oswa yon Odyans Pou Pwosedi Ofisyèl Annatant pou Aksyon Disiplinè

Si w lanse on medyasyon, yon odyans pou pwosedi ofisyèl, oswa yon odyans pou pwosedi ofisyèl akselere pou retrè ki plis pase 10 jou lekòl adisyone nan yon ane lekòl, retrè a ka fèt pandan dezakò a ap rezoud.

Si w kòmanse medyasyon, yon odyans pou pwosedi ofisyèl oswa yon odyans pou pwosedi ofisyèl akselere pou yon retrè plis pase 10 jou lekòl youn apre lòt, oumenm ak distri lekòl ou a dwe fè yon detèminasyon manifestasyon pou detèmine si konduit ki te lakòz mezi disiplinè a te rive akòz andikap timoun ou an. Si konduit la te yon manifestasyon andikap timoun ou an, yo dwe retounen timoun ou an nan ansyen plasman li pandan afè a annatant sof si oumenm ak distri lekòl la dakò otreman oswa yon ALJ akòde yon òdonans pou modifiye plasman timoun ou an. Si yo detèmine konduit la pa te yon manifestasyon andikap timoun ou an, timoun ou an ap rete nan IAES jiskaske pwoblèm lan rezoud ak desizyon final oswa yon akò ant oumenm ak distri lekòl la, oswa jiskaske peryòd retrè a ekspire, selon sa ki rive anpremye a.

Nan ka kote yo mete timoun ou an nan yon IAES pou dwòg, zam oswa blesi kòporèl grav, sof si oumenm ak distri lekòl ou a antann otreman, timoun ou an ap rete nan IAES pandan yon peryòd 45 jou kalandriye oswa jiskaske ALJ la bay yon desizyon final la, selon sa ki rive pi bonè a. Apresa, timoun ou an pral retounen nan plasman ki te antann anvan an sof si ALJ an òdone yon lòt plasman oswa oumenm ak distri lekòl la aksepte yon lòt plasman.

TÈM KI ITILIZE SOUVAN YO

Evalyasyon

Tès yo ak lòt pwosedi evalyasyon yo, sa gen ladan yon egzamen enfòmasyon, ki itilize pou deside si timoun ou an kalifye pou sèvis edikasyon espesyal.

Edikasyon Piblik Gratis Apwopriye (Free Appropriate Public Education, FAPE)

Edikasyon espesyal ak sèvis asosye yo bay sou frè piblik, anba sipèvizyon ak direksyon piblik, epi san frè; satisfè egzijans yo nan nivo Eta ak federal; gen ladan edikasyon preskolè, lekòl elemantè, oswa lekòl segondè; epi yo bay yo dapre annakò avèk yon IEP.

Evalyasyon Konpòtmantal Fonksyonèl

Pwosesis pou rive konprann poukisa yon elèv angaje l nan konpòtman difisil ak fason konpòtman elèv la gen rapò ak anviwònman an. Objektif evalyasyon konpòtmantal fonksyonèl la se pou rasanble enfòmasyon pou konprann pi byen rezon byen presi pou pwoblèm konpòtman elèv la.

Idantifikasyon

Desizyon pou evalye yon timoun pou detèmine si sèvis edikasyon espesyal nesèsè.

Anviwònman ki gen Mwens Restriksyon (Least Restrictive Environment, LRE)

Nan mezi maksimòm ki apwopriye a, timoun ki gen andikap yo edike avèk timoun ki pa andikape yo e ke klas espesyal, lekòl apa, oswa lòt retrè timoun ki gen andikap nan anviwònman edikatif regilye sèlman lè nati ak gravite andikap yon timoun nan yon degre ki fè edikasyon nan klas regilye avèk itilizasyon èd ak sèvis siplemantè pa kapab fèt avèk satisfaksyon.

Rete An Plas

Egzijans pou pa ka fè okenn chanjman nan edikasyon yon elèv ki kalifye oswa ki ka detèmine kalifye pou edikasyon espesyal pandan medyasyon oswa pwosedi ofisyèl. Elèv la dwe rete nan pwogram oswa plasman aktyèl li a, sof si oumenm ak distri lekòl la antann pou yon chanjman oswa yon ALJ òdone yon chanjman.¹³

¹³ Selon Règleman Federal yo, elèv nan laj preskolè ki gen andikap pa benefisye rete an plas si yon medyasyon oswa yon odyans pou pwosedi ofisyèl te mande konsènan mizanplas IEP odepa a.

RESOUS YO

Pou ede w konprann dwa w yo, ou ka kontakte nenpòt nan sa ki annapre la yo:

Reprezantan Distri Lekòl la

Nimewo Telefòn

Rezo Defans Paran nan tout Eta a (SPAN) nan (800) 654-7726

Dwa Andikape New Jersey (DRNJ) nan (800) 922-7233

Depatman Edikasyon New Jersey atravè Biwo Konte _____ li a:

Espesyalis Edikasyon Espesyal Konte a

Nimewo Telefòn

Sit entènèt OSE: www.state.nj.us/education/specialed/

RESOUS POU TRANZISYON NAN LAVI ADILT

Biwo Edikasyon Espesyal nan Depatman Edikasyon New Jersey:

Biwo Edikasyon Espesyal la ofri fòmasyon ak asistans teknik sou sijè tranzisyon sot nan lekòl pou ale nan lavi adilt pou estaf lekòl la, elèv yo ak manm fanmi yo pa mwayen rezo Sant Resous Aprantisaj la. Enfòmasyon ak resous sou tranzisyon yo disponib sou sitwèb OSE an. Sit entènèt: <http://www.state.nj.us/education/specialed/transition/>.

OSE patwone tou inisyativ fòmasyon pou distri lekòl yo sou sijè ki gen rapò ak tranzisyon nan Ansèyman Kominotè, epi Apwòch Ki Santre Sou Moun grasa yon patenarya avèk The Boggs Center on Developmental Disabilities nan Rutgers.

Ansèyman Kominotè

Ansèyman Kominotè (Community-Based Instruction, CBI) se pratik ki baze sou rechèch ki enplike ansèyman soutni ak repete ki dewoule nan kominote a olye nan bilding lekòl la. Efò yo pou fòmasyon CBI ak asistans teknik ede distri lekòl yo bay elèv yo ansèyman nan anviwònman ki baze nan kominote a. Efò sa yo gen ladan bay distri yo enfòmasyon pa mwayen atelye, pataj efò siksè k ap fèt aktyèlman nan distri lekòl New Jersey yo, epi ofri asistans teknik dirèk bay distri lekòl yo pou reponn ak estrateji CBI yo, bezwen nan fòmasyon, ak sipò administratif ki nesèse yo. Tout aktivite yo fèt pou kreye rezilta pozitif ak obsèwab pou elèv yo.

Apwòch Ki Santre Sou Moun

Depatman Edikasyon New Jersey, Biwo Edikasyon Espesyal la, nan patenarya avèk The Boggs Center, fè aktivite planifikasyon, devlopman, ak aktivite pilòt ki vize favorize tranzisyon efikas pou elèv ki gen andikap yo grasa itilizasyon apwòch ki santre sou moun. The Boggs Center bay ekspètiz nan apwòch sa yo nan pwosesis kritik planifikasyon pou tranzisyon efikas soti nan lekòl pou ale nan lavi adilt, sa gen ladan travay ak angajman nan sistèm sèvis pou adilt yo. Objektif pwojè a se pou idantifye estrateji pou fè yon enpak pozitif sou rezilta apre lekòl yo. Ale sou sit entènèt OSE an pou jwenn plis enfòmasyon sou [Apwòch Ki Santre Sou Moun yo](#).

Eksperyans Aprantisaj Estriktire (Structured Learning Experience, SLE)

Eksperyans aprantisaj estriktire siyifi eksperyans aprantisaj an pwofondè, ki sipèvize, ki fèt pou ofri elèv yo posiblite pou eksplòre pi konplètman enterè karyè yo. Ale sou sit entènèt NJDOE an pou jwenn plis enfòmasyon sou [Eksperyans Aprantisaj Estriktire yo](#).

Divizyon Sèvis Reyadaptasyon Pwofesyonèl (Division of Vocational Rehabilitation Services, DVRS) nan Depatman Travay ak Devlopman Mendèv New Jersey:

Divizyon Sèvis Reyadaptasyon Pwofesyonèl ofri tip sèvis annapre la yo pou moun ki gen yon andikap fizik oswa mantal ki reprezante yon gwo pwoblèm pou travay. Moun ki enterese yo dwe aplike pou yon detèminasyon kalifikasyon ak sèvis ki nesèsè yo. Komisyon pou Moun Avèg ak Moun ki gen Pwoblèm Vizyon sèvi moun ki avèg oswa ki gen yon pwoblèm vizyon grav, se pa DVRS ki sèvi yo.

Sèvis ki bay yo ka Gen nan yo:

- Evalyasyon Dyagnostik
- Konsèy ak Oryantasyon Pwofesyonèl Endividyèl
- Fòmasyon nan Konpetans pou Chèche Travay ak Plasman Selektif nan Travay
- Sèvis Sipò pou Swivi
- Sèvis Apre Travay
- Restorasyon Fizik
- Ankadreman pou Travay, Fòmasyon Pwofesyonèl, Teknik, oswa Sou Teren
- Referans bay Sant pou Lavi Endepandan pou fòmasyon sou konpetans pou lavi endepandan

Ale sou [sit entènèt DVRS](#) la pou jwenn plis enfòmasyon sou sèvis ki disponib yo.

Enfòmasyon pou Kontak: LWD Building, 12th Floor
John Fitch Plaza
P.O. Box 398
Trenton, N.J. 08625-0398
Telefòn: (609) 292-5987
FAKS: (609) 292-8347
TTY: (609) 292-2919

Divizyon Andikap nan Devlopman nan Depatman Sèvis Sosyal New Jersey:

Depi 1959, Divizyon Andikap nan Devlopman (Division of Developmental Disabilities, DDD) bay e finanse sèvis pou rezidan Eta a ki gen andikap nan devlopman. Gen plis pase 250 ajans ki ofri sipò ak sèvis sa yo nan kominote yo nan tout Eta a, oswa nan senk sant devlopman rezidansyèl DDD administre yo.

DDD finanse yon pakèt kalite sèvis ki gen kòm bi ede soutni moun ki gen andikap nan devlopman ki abite nan kominote a. Sèvis sa yo se pa yon dwa, epi disponiblite sèvis yo depann de resous aktyèl yo. Tip sèvis ki disponib yo ka varye tou pami konte yo. DDD toujou ap chèche fason pou jere bidjè li epi sèvi ak finansman li nan fason pi efikas ki posib pou l sèvi tout kantite moun ki posib.

DDD bay sèvis jesyon ka ak/oswa enfòmasyon ak referans pou tout moun ki kalifye pou resevwa sèvis li finanse yo. DDD finanse twa tip sèvis pou moun ki abite nan kominote a:

- Sèvis lajounen, sa gen ladan sipò pou moun k ap travay
- Sèvis rezidansyèl, sa gen ladan sipò endividyèl ki ede yon moun viv lakay li oswa yon lòt kote nan kominote a
- Sèvis Sipò pou Fanmi ki ede fanmi k ap pran swen moun pwòch yo lakay yo

Ale sou [sit entènèt DDD](#) an pou jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis aplikasyon pou kalifikasyon DDD.

Enfòmasyon pou Kontak: 195 Gateway Center
5 Commerce Way, Suite 100
Hamilton, N.J. 08691
adrès postal:
P.O. Box 726
Trenton, N.J. 08625-0726
San Frè: 1-800-832-9173

Divizyon Sante Mantal ak Sèvis pou Adiksyon nan Depatman Sèvis Sosyal New Jersey:

Divizyon an se otorite sante mantal Eta a (State Mental Health Authority, SMHA) ak sèl otorite Eta a (SSA) pou abi sibstans.

Sèvis ki bay yo ka gen nan yo:

- Sèvis nan Kat Lopital Sikyatrik Divizyon an Opere
- Siveyans ak Founiti Sèvis nan Lopital Konte yo
- Sèvis Sante Mantal Kominotè Yon Pakèt Ajans bay ka gen nan yo:
 - Sèvis pou depistaj ak ijans
 - Jesyon ka entansif
 - Swen pasyèl/lopital pasyèl
 - Pwogram pou Tretman Kominotè Dinamik (Program for Assertive Community Treatment, PACT)
 - Terapi apa, an gwoup ak an fanmi
 - Travay avèk sipò/Wèlfè pou travay
 - Lojman avèk sipò
 - Sèvis Jistis Kriminèl
 - Sant ak sèvis kote youn soutni lòt

Enfòmasyon pou Kontak: P.O. Box 700

Trenton, N.J. 08625

Telefòn: (800) 382-6717

(609) 777-0702

FAKS: (609) 777-0662

Sit entènèt

Depatman Timoun ak Fanmi:

Sistèm Swen Timoun yo

Sistèm Swen pou Timoun (Children's System of Care, CSOC) DCF la, (ki te otrefwa Divizyon Sèvis Sante Konpòtmantal Timoun) sèvi timoun ak adolesan ki gen pwoblèm swen sante emosyonèl ak sante konpòtmantal epitou fanmi pa yo; epi timoun ki gen andikap nan devlopman ak andikap entelektyèl epi fanmi pa yo. CSOC pran angajman pou l bay sèvis sa yo selon bezwen timoun nan ak fanmi an nan yon anviwònman ki santre sou fanmi, ki baze nan kominote a.

Enfòmasyon pou Kontak: 50 East State Street

PO Box 717, 4th Floor

Trenton, NJ 08625-0717

Telefòn: 1-877-652-7624

Sit entènèt

Divizyon pou Moun Soud ak Moun ki Tande Di nan Depatman Sèvis Sosyal New Jersey:

Divizyon pou Moun Soud ak Moun ki Tande Di (Division of the Deaf and Hard of Hearing, DDHH) nan New Jersey se ajans prensipal Eta a Lwa New Jersey (PL 1977, C. 166) etabli pou moun tout laj ki soud e ki tande di. Divizyon an bay edikasyon, defans ak sèvis dirèk pou elimine baryè yo epi favorize plis aksè nan pwogram, sèvis, ak enfòmasyon ki disponib regilyèman pou popilasyon jeneral Eta a.

DDHH mentni resous ajou ak konstiktif sou pèt kapasite pou tande, sa gen ladan sèvis referans pou aksè nan kominikasyon, asistans teknik, distribisyon ekipman, kominikasyon ak pati konsène yo epi defans.

Enfòmasyon pou Kontak: Division of the Deaf and Hard of Hearing
New Jersey Department of Human Services
P.O. Box 074
Trenton, N.J. 08625-0074
Telefòn: (800) 792-8339 (nimewo Vwa/TTY san frè nan New Jersey)
(609) 588-2648
FAKS: (609) 588-2528
[Sit entènèt](#)

Divizyon Sèvis pou Andikap nan Depatman Sèvis Sosyal New Jersey:

Divizyon Sèvis pou Andikap (Division of Disability Services, DDS) konsantre sou sèvi moun ki vin andikape nan laj adilt, keseswa akòz maladi oswa blesi. Yo rele pwoblèm sa yo tou andikap aparasyon ta.

Grasa liy asistans san frè li a -- 1-888-285-3036 -- Divizyon an reponn tou jiska lavalè 15,000 demann chak ane pou Enfòmasyon ak Asistans Referans sou kesyon ki afekte moun ki soufri nenpòt tip andikap nan Eta New Jersey.

Epi, kòm youn nan sèvis prensipal li yo, DDS pibliye New Jersey Resources 2014, gid pi konplè ki disponib sou sèvis atravè New Jersey pou moun ki gen andikap yo. Anyè sa a mete ajou chak ane.

Divizyon an sèvi kòm yon sèl pwèn dantre pou moun ki gen andikap ki bezwen enfòmasyon ak/oswa sèvis nan sistèm sèvis imen an. DDS administre pwogram ki pèmèt moun ki gen diferan tip andikap viv fason pi endepandan nan kominote a, epi nan anpil ka, evite nesesite pou antre nan yon enstitisyon. Pwogram sa yo gen ladan pwogram sèvis nan kay ak nan kominote, ansanm ak lòt pwogram resous.

Enfòmasyon pou Kontak: NJ Department of Human Services
P.O. Box 705
Trenton, NJ 08625-0705
Telefòn: (888) 285-3036
FAKS: (609) 631-4365
TDD: (609) 631-4366
[Sit entènèt](#)

Komisyon pou Moun Avèg ak Moun ki gen Pwoblèm Vizyon:

Komisyon pou Moun Avèg ak Moun ki gen Pwoblèm Vizyon (Commission for the Blind and Visually Impaired, CBVI) nan New Jersey te etabli an 1910 dapre lòd Lejislati Eta NJ an. Misyon ajans sa a se fè pwomosyon e bay sèvis nan domèn edikasyon, travay, lavi endepandan ak sante zye grisa chwa reflechi e patenarya avèk moun ki avèg oswa ki gen pwoblèm vizyon, fanmi moun yo epi kominote a.

Pwogram sèvis CBVI yo fèt pou pèmèt konsomatè yo reyalize enklizyon ak entegrasyon konplè nan sosyete a frasa siksè nan travay, lavi endepandan, epi endepandans sosyal.

Sèvis sa yo disponib grisa finansman nan nivo Eta ak Federal, epi nan pifò ka, yo bay yo ak rezidan New Jersey gratis san konsidere lòt kondisyon ki bay andikap, sèks, laj, ras, gwoup etnik, relijyon oswa oryantasyon seksyèl.

Enfòmasyon pou Kontak: New Jersey Commission for the Blind & Visually Impaired

P.O. Box 47017

153 Halsey Street, 6th Floor

Newark, N.J. 07101-47017

Telefòn: (973) 648-3333

San Frè: (877) 685-8878

Imèl: askcbvi@dhs.state.nj.us

[Sit entènèt](#)



ETA NEW JERSEY
DEPATMAN EDIKASYON
OFFICE OF SPECIAL EDUCATION

DEMANN MEDYASYON

Pou: Director

Office of Special Education (OSE)

NJ Department of Education

P.O. Box 500

Trenton, NJ 08625-0500

Imèl: osepdisputeresolution@doe.nj.gov

Telefòn: 609-376-9061

TANPRI, N AP FÈ W KONNEN: Konfòmman ak lwa [IDEA 2004](#), ou dwe ranpli enfòmasyon yo mande yo konplètman e avèk tout presizyon ki posib. Ou dwe idantifye rezon byen presi(yo) pou dezakò a konsènan nenpòt nan sa ki annapre la yo: idantifikasyon; evalyasyon; kalifikasyon; klasifikasyon; plasman; bay pwogram yo ak/oswa sèvis asosye yo pou timoun ou an. Ou dwe idantifye tou yon rezolisyon ki pwopoze pou pwoblèm lan nan mezi pati a konnen l epi li disponib nan moman depo a.

Demann konplè a dwe soumèt bay OSE a epi yon kopi tout demann lan tou dwe soumèt bay distri lekòl ki responsab timoun ou an. Demann lan ka soumèt bay OSE pa imèl oswa pa kourye.

TANPRI, N AP FÈ W KONNEN: Ou ka tache paj siplemantè pou dekri nati pwoblèm lan ak rezolisyon ki pwopoze a nan fòm PDF nan imèl la. Pa soumèt pyès bay OSE. Adobe Acrobat Reader se yon lojisyèl pou lekti dokiman ki disponib pou telechaje gratis nan: <https://get.adobe.com/reader/>.

*Non Paran/Gadyen(yo)	*Adrès, Vil, Eta, Zipkòd	Imèl
		*Telefòn Prensipal
		Lèt Chwa Telefòn
		Faks
*Non elèv la	Adrès elèv la (si li pa menm ak adrès paran an)	*Dat Nesans
		N ap fè w konnen, si elèv la gen 18 lane oswa plis, yon otorizasyon adilt oswa yon òdonans lagad legal ap egzijib sòf si se elèv adilt la k ap depoze demann sa a.

*Eleman ki make avèk asteris yo obligatwa.

* Distri ki responsab elèv la	Non Konte a	Non ak anplasman lekòl elèv la ladan kounye a
Tanpri fè yon mak tchèk si w pral reprezante swa pa yon ☐ Avoka, oubyen yon ☐ Defansè. Si sitiyasyon an konsa, tanpri bay enfòmasyon kontak yo anba a.		
Non Avoka oswa Defansè a	Adrès, Vil, Eta, Zipkòd	Imèl
		Telefòn
		Faks
Èske elèv la gen yon IEP? ☐ Wi ☐ Non		
Èske Elèv la gen yon Plan 504? ☐ Wi ☐ Non		
*Bay yon deskripsyon sou nati pwoblèm lan ak tout reyalite ki anrapò ak pwoblèm lan.		

*Eleman ki make avèk asteris yo obligatwa.

***Bay yon deskripsyon sou fason pwoblèm sa a ta ka rezoud.**

☐ *** Yo te voye yon kopi demann sa a bay distri lekòl ki responsab elèv la.**

***Demann endividyèl te voye bay**

***Pozisyon/Tit**

***Adrès**

***Siyati Paran/Gadyen**

***Dat**

***Eleman ki make avèk asteris yo obligatwa.**



ETA NEW JERSEY
DEPATMAN EDIKASYON
OFFICE OF SPECIAL EDUCATION

DEMANN POU ODYANS POU PWOSEDI
OFISYÈL

Pou: Director

Office of Special Education (OSE)

NJ Department of Education

P.O. Box 500

Trenton, NJ 08625-0500

Imèl: osepdisputeresolution@doe.nj.gov

Telefòn: 609-376-9061

TANPRI, N AP FÈ W KONNEN: Konfòmeman ak lwa [IDEA 2004](#), ou dwe ranpli enfòmasyon yo mande yo konplètman e avèk tout presizyon ki posib. Ou dwe idantifye rezon byen presi(yo) pou dezakò a konsènan nenpòt nan sa ki annapre la yo: idantifikasyon; evalyasyon; kalifikasyon; klasifikasyon; plasman; bay pwogram yo ak/oswa sèvis asosye yo pou timoun ou an. Ou dwe idantifye tou yon rezolisyon ki pwopoze pou pwoblèm lan nan mezi pati a konnen l epi li disponib nan moman depo a.

Demann konplè a dwe soumèt bay OSE a epi yon kopi tout demann lan tou dwe soumèt bay distri lekòl ki responsab timoun ou an. Demann lan ka soumèt bay OSE pa imèl oswa pa kourye.

TANPRI, N AP FÈ W KONNEN: Ou ka tache paj siplemantè pou dekri nati pwoblèm lan ak rezolisyon ki pwopoze a nan fòm PDF nan imèl la. Pa soumèt pyès bay OSE. Adobe Acrobat Reader se yon lojisyèl pou lekti dokiman ki disponib pou telechaje gratis nan: <https://get.adobe.com/reader/>.

*Non Paran/Gadyen(yo)	*Adrès, Vil, Eta, Zipkòd	Imèl
		*Telefòn Prensipal
		Lèt Chwa Telefòn
		Faks
*Non elèv la	Adrès elèv la (si li pa menm ak adrès paran an)	*Dat Nesans
		N ap fè w konnen, si elèv la gen 18 lane oswa plis, yon otorizasyon adilt oswa yon òdonans lagad legal ap egzijib sòf si se elèv adilt la k ap depoze demann sa a.

*Eleman ki make avèk asteris yo obligatwa.

* Distri ki responsab elèv la	Non Konte a	Non ak anplasman lekòl elèv la ladan kounye a
Tanpri fè yon mak tchèk si w pral reprezante swa pa yon ☐ Avoka, oubyen yon ☐ Defansè. Si sitiyasyon an konsa, tanpri bay enfòmasyon kontak yo anba a.		
Non Avoka oswa Defansè a	Adrès, Vil, Eta, Zipkòd	Imèl
		Telefòn
		Faks
Èske elèv la gen yon IEP? ☐ Wi ☐ Non		
Èske elèv la gen yon Plan 504? ☐ Wi ☐ Non		
Enfòmasyon enpòtan konsènan Rezolisyon Dispit: Lè yon paran mande yon odyans pou pwosedi ofisyèl, distri lekòl la gen posiblite pou rezoud pwoblèm lan anvan odyans pou pwosedi ofisyèl la pwograme. Distri lekòl la oblije reyalize yon sesyon pou rezolisyon oplita nan 15 jou kalandriye apre li resevwa yon demann odyans pou pwosedi ofisyèl epi ou oblije patisipe ladan. Oumenm ak distri lekòl la ka chwazi pou patisipe nan medyasyon OSE an reyalize nan plas yon sesyon pou rezolisyon, oswa toude pati yo ka dakò pou renonse ak peryòd rezolisyon 30 jou kalandriye a epi fè yon odyans pou pwosedi ofisyèl.		
Lè av sa a resevwa, yon reprezantan distri lekòl la dwe kontakte w pou òganize yon sesyon pou rezolisyon. Si w ta renmen fè distri lekòl la konsidere lòt opsyon pou rezolisyon, tanpri seleksyone YOUN nan sa ki annapre la yo: ☐ M ap mande yon konferans pou medyasyon OSE an reyalize nan plas yon sesyon pou rezolisyon. Si distri lekòl la aksepte medyasyon an nan plas yon sesyon pou rezolisyon, yon reprezantan distri lekòl la dwe kontakte OSE nan (609) 376-9061 oswa voye yon imèl bay osepdisputeresolution@doe.nj.gov pou fasilite pwogramasyon konferans pou medyasyon an. ☐ Mwen vle renonse ak konferans pou rezolisyon an epi ale dirèkteman nan yon odyans pou pwosedi ofisyèl.		
Lè m siyen anba a, mwen renonse ak peryòd rezolisyon 30 jou kalandriye a, ki gen ladan posiblite pou patisipe nan yon sesyon pou rezolisyon ak/oswa yon konferans pou medyasyon. Epitou yon reprezantan otorize distri lekòl la dwe aksepte alekri pou renonse ak peryòd rezolisyon an. Siyati: _____ Dat: _____		

*Eleman ki make avèk asteris yo obligatwa.

***Bay yon deskripsyon sou nati pwoblèm lan ak tout reyalite ki anrapò ak pwoblèm lan.**

***Bay yon deskripsyon sou fason pwoblèm sa a ta ka rezoud.**

☐ *** Yo te voye yon kopi demann sa a bay distri lekòl ki responsab elèv la.**

***Demann endividyèl te voye bay**

***Pozisyon/Tit**

***Adrès**

***Siyati Paran/Gadyen**

***Dat**

*Eleman ki make avèk asteris yo obligatwa.



**ETA NEW JERSEY
DEPATMAN EDIKASYON
OFFICE OF SPECIAL EDUCATION**

**DEMANN POU ODYANS POU PWOSEDI OFISYÈL
AKSELERE ****

Pou: Director

Office of Special Education (OSE)

NJ Department of Education

P.O. Box 500

Trenton, NJ 08625-0500

Imèl: osepdisputeresolution@doe.nj.gov

Telefòn: 609-376-9061

TANPRI, N AP FÈ W KONNEN: Konfòmeman ak lwa [IDEA 2004](#), ou dwe ranpli enfòmasyon yo mande yo konplètman e avèk tout presizyon ki posib. Ou dwe idantifye rezon byen presi(yo) pou dezakò a konsènan nenpòt nan sa ki annapre la yo: idantifikasyon; evalyasyon; kalifikasyon; klasifikasyon; plasman; bay pwogram yo ak/oswa sèvis asosye yo pou timoun ou an. Ou dwe idantifye tou yon rezolisyon ki pwopoze pou pwoblèm lan nan mezi pati a konnen l epi li disponib nan moman depo a.

Demann konplè a dwe soumèt bay OSE a epi yon kopi tout demann lan tou dwe soumèt bay distri lekòl ki responsab timoun ou an. Demann lan ka soumèt bay OSE pa imèl oswa pa kourye.

TANPRI, N AP FÈ W KONNEN: Ou ka tache paj siplemantè pou dekri nati pwoblèm lan ak rezolisyon ki pwopoze a nan fòm PDF nan imèl la. Pa soumèt pyès bay OSE. Adobe Acrobat Reader se yon lojisye pou lekti dokiman ki disponib pou telechaje gratis nan: <https://get.adobe.com/reader/>.

*Non Paran/Gadyen(yo)	*Adrès, Vil, Eta, Zipkòd	Imèl
		*Telefòn Prensipal
		Lèt Chwa Telefòn
		Faks
*Non elèv la	Adrès elèv la (si li pa menm ak adrès paran an)	*Dat Nesans
		N ap fè w konnen, si elèv la gen 18 lane oswa plis, yon otorizasyon adilt oswa yon òdonans lagad legal ap egzijib sòf si se elèv adilt la k ap depoze demann sa a.

*Eleman ki make avèk asteris yo obligatwa.

**Demann odyans pou pwosedi ofisyèl akselere yo se pou afè disiplinè. *N.J.A.C. 6A:14-2.7(m)*

* Distri ki responsab elèv la	Non Konte a	Non ak anplasman lekòl elèv la ladan kounye a
Tanpri fè yon mak tchèk si w pral reprezante swa pa yon ☐ Avoka, oubyen yon ☐ Defansè. Si sitiasyon an konsa, tanpri bay enfòmasyon kontak yo anba a.		
Non Avoka oswa Defansè a	Adrès, Vil, Eta, Zipkòd	Imèl
		Telefòn
		Faks
Èske elèv la gen yon IEP? ☐ Wi ☐ Non		
Èske Elèv la gen yon Plan 504? ☐ Wi ☐ Non		
Enfòmasyon enpòtan konsènan Odyans Pou Pwosedi Ofisyèl Akselere: Lè yon paran mande yon odyans pou pwosedi ofisyèl akselere, distri lekòl la gen posiblite pou rezoud pwoblèm lan anvan odyans pou pwosedi ofisyèl la pwograme. Distri a oblije reyalize yon sesyon pou rezolisyon oplita nan 7 jou apre li resevwa yon demann odyans pou pwosedi ofisyèl epi ou oblije patisipe ladan. Oumenm ak distri lekòl la ka chwazi pou patisipe nan medyasyon OSE an reyalize nan plas yon sesyon pou rezolisyon, oswa toude pati yo ka dakò pou renonse ak peryòd rezolisyon an epi fè yon odyans pou pwosedi ofisyèl akselere.		
Lè avi sa a resevwa, yon reprezantan distri lekòl la dwe kontakte w pou òganize yon sesyon pou rezolisyon. Si w ta renmen fè distri lekòl la konsidere lòt opsyon pou rezolisyon, tanpri seleksyone YOUN nan sa ki annapre la yo: ☐ M ap mande yon konferans pou medyasyon OSE an reyalize nan plas yon sesyon pou rezolisyon. Si distri lekòl la aksepte medyasyon an nan plas yon sesyon pou rezolisyon, yon reprezantan distri la dwe kontakte OSE nan (609) 376-9061 oswa voye yon imèl bay osepdisputeresolution@doe.nj.gov pou fasilite pwogramasyon konferans pou medyasyon an. ☐ Mwen vle renonse ak konferans pou rezolisyon an epi ale dirèkteman nan yon odyans pou pwosedi ofisyèl.		
Lè m siyen anba a, mwen renonse ak peryòd rezolisyon an, ki gen ladan posiblite pou patisipe nan yon sesyon pou rezolisyon ak/oswa yon konferans pou medyasyon. Epitou yon reprezantan otorize distri lekòl la dwe aksepte alekri pou renonse ak peryòd rezolisyon an. Siyati: _____ Dat: _____		

*Eleman ki make avèk asteris yo obligatwa.

**Demann odyans pou pwosedi ofisyèl akselere yo se pou afè disiplinè. *N.J.A.C. 6A:14-2.7(m)*

***Bay yon deskripsyon sou nati pwoblèm lan ak tout reyalite ki anrapò ak pwoblèm lan.**

***Bay yon deskripsyon sou fason pwoblèm sa a ta ka rezoud.**

☐ *** Yo te voye yon kopi demann sa a bay distri lekòl ki responsab elèv la.**

***Demann endividyèl te voye bay**

***Pozisyon/Tit**

***Adrès**

***Siyati Paran/Gadyen**

***Dat**

*Eleman ki make avèk asteris yo obligatwa.

**Demann odyans pou pwosedi ofisyèl akselere yo se pou afè disiplinè. *N.J.A.C. 6A:14-2.7(m)*



**ETA NEW JERSEY
DEPATMAN EDIKASYON
OFFICE OF SPECIAL EDUCATION**

DEMANN POU SEKOU DIJANS

Dwe ranpli lè yon desizyon pwovizwa (tanporè) nesèsè annatandan yon desizyon final sou kesyon alabaz yo nan yon dispit odyans pou pwosedi ofisyèl.

TANPRI, N AP FÈ W KONNEN: Yo ka chèche sekou dijans sèlman lè yon òdonans pwovizwa tanporè nesèsè annatandan finisman odyans pou pwosedi ofisyèl alabaz la annakò avèk N.J.A.C. 6A:14-2.7®. *Si yon demann pou odyans pou pwosedi ofisyèl poko mande, ou dwe soumèt yon demann pou odyans pou pwosedi ofisyèl ansanm ak demann pou sekou dijans lan.*

Pou reponn ak egzijans demann sekou dijans lan, ranpli enfòmasyon egzijib yo sou fòm ki anba a. *Sètifikasyon Alaplas Afidavit oswa Deklarasyon Notarye pou Petisyonè k ap Chèche Sekou Dijans dwe soumèt tou avèk demann sa a. Tout fòm egzijib yo ka soumèt bay OSE pa imèl oswa pa kourye.*

TANPRI, N AP FÈ W KONNEN: Ou ka tache paj siplemantè nan fòm PDF nan imèl la. Adobe Acrobat Reader se yon lojisyèl pou lekti dokiman ki disponib pou telechaje gratis nan: <https://get.adobe.com/reader/>.

Dekri nati pwoblèm dijans yo ak tout reyalite ki asosye yo.

Dekri kijan pwoblèm sa a ta ka rezoud.



Yo te voye yon kopi demann sa a bay distri lekòl ki responsab timoun lan:

Non ak adrès konplè ak nimewo telefòn lòt pati a

Enfòmasyon Enpòtan Konsènan Demann Pou Sekou Dijans

Dwa ki apre la yo aplike nan tout odyans pou pwosedi ofisyèl yo, **men yo p ap aplike pou demann ou pou sekou dijans** paske kesyon ki konsène nan sekou dijans lan tandè byen vit. Dwa ki apre la yo ap rete disponib pou odyans pou pwosedi ofisyèl konplè a.

- Dwa pou patisipe nan yon reyinyon rezolisyon oswa medyasyon;
- Dwa pou kominike pwòp enfòmasyon ou, poze temwen lòt pati a kesyon, epi egziye pou sèten moun presi patisipe nan odyans lan pou temwaye;
- Dwa pou anpeche itilizasyon nenpòt prèv nan odyans lan si distri a pa te pataje l avèk ou omwen senk jou ouvrap anvan odyans lan;
- Omwen senk jou ouvrap anvan odyans lan, toude pati yo dwe pataje tout evalyasyon ak rekòmandasyon yo prevwa pou itilize kòm prèv.



**ETA NEW JERSEY
DEPATMAN EDIKASYON
OFFICE OF SPECIAL EDUCATION**

***SÈTIFIKASYON ALAPLAS AFIDAVIT OSWA DEKLARASYON NOTARYE
POU PETISYONÈ K AP CHÈCHE SEKOU DIJANS**

Pou: Director

Office of Special Education (OSE)

NJ Department of Education

P.O. Box 500

Trenton, NJ 08625-0500

Imèl: osepdisputeresolution@doe.nj.gov

Telefòn: 609-376-9061

Demann konplè a dwe soumèt bay OSE a epi yon kopi tout demann lan tou dwe soumèt bay distri lekòl ki responsab timoun ou an. Demann lan ka soumèt bay OSE pa imèl oswa pa kourye.

TANPRI, N AP FÈ W KONNEN: Ou ka tache paj siplemantè nan fòm PDF nan imèl la. Adobe Acrobat Reader se yon lojisyèl pou lekti dokiman ki disponib pou telechaje gratis nan: <https://get.adobe.com/reader/>.

Mwen _____, ki majè, sètifye nan fason konsa:

(Non Konplè Petisyonè a)

1. Mwen se (Fè yon mak tchèk nan sa ki aplikab):

☐ Elèv Adilt ☐ Paran ☐ Gadyen Legal ☐ Avoka ☐ Defansè pou

(Non Konplè Elèv Minè a oswa Distri Lekòl la)

2. Mwen fè Sètifikasyon sa a pou soutni Demann pou Sekou Dijans mwen an, ki tache ak Sètifikasyon sa a.

3. Mwen konprann konfòmman ak règleman ki pibliye pa Depatman Edikasyon an ([N.J.A.C. 6A:14-2.7\(r\)](#)) ak Biwo Dwa Administratif la ([N.J.A.C. 1:6A-12.1](#))

4. Mwen kwè mwen gen dwa pou jwenn Sekou Dijans paske afè ki konteste a enplike youn oswa plizyè nan kesyon annapre la yo: (Fè yon mak tchèk nan tou sa ki aplikab)

- ☐ Kesyon ki enplike yon enteripsyon nan livrezon sèvis yo;
- ☐ Kesyon konsènan plasman annatandan rezilta pwosedi ofisyèl yo;
- ☐ Kesyon ki enplike gradyasyon oswa patisipasyon nan seremoni gradyasyon.

5. Mwen konprann sa konfòmeman ak [N.J.A.C. 1:6A-12.1](#) Yo ka akòde Sekou Dijans si Jij Dwa Administratif la detèmine apati prèy yo ke:

- Petisyonè a pral sibi domaj san rechap si yo pa akòde sekou ki mande a;
- Dwa legal ki alabaz reklamasyon petisyonè a rezoud;
- Petisyonè a gen yon chans pou l ranpòte sou baz fondman reklamasyon alabaz la;
EPI
- Lè ekite ak enterè pati yo ekilibre, petisyonè a ap souffri pi gwo mal pase repondan an si yo pa akòde sekou ki mande a.

6. ☐ Mwen te ranpli Demann pou Sekou Dijans lan epi mwen bay Depatman Edikasyon New Jersey enfòmasyon aplikab egzijib sou Demann Sekou Dijans lan.

7. Mwen te bay Repondan an (Pati Advèsè a) yon kopi Demann pou Sekou Dijans mwen ranpli epi siyen an

Non Repondan an (Tanpri Ekri an Lèt Detache)

Tanpri, n ap fè w Konnen: Si w se Paran oswa Gadyen an oswa w reprezante li, ou dwe remèt yon kopi bay Sipèentandan distri lekòl rezidans elèv la. Si w reprezante Distri Lekòl la, ou dwe remèt yon kopi bay avoka a/paran an oswa gadyen an/elèv adilt la.

Adrès Konplè Repondan an:

Dat li Soumèt bay Repondan an:

Mwen sètifye deklarasyon mwen fè ki endike anwo la a se verite yo ye. Mwen konnen mwen ka sibi pinisyon si nenpòt nan deklarasyon mwen fè ki endike anwo la a se fo deklarasyon volontèman.

Dat

(Siyati Petisyonè a)



ETA NEW JERSEY
DEPATMAN EDIKASYON
OFFICE OF SPECIAL EDUCATION

DEMANN POU EGZEKISYON YON AKÒ POU MEDYASYON

Pou: Director

Office of Special Education (OSE)

NJ Department of Education

P.O. Box 500

Trenton, NJ 08625-0500

Imèl: osepdisputeresolution@doe.nj.gov

Telefòn: 609-376-9060

ENPÒTAN:

- OSE an dwe genyen yon kopi akò pou medyasyon an anvan yo ka pran nenpòt aksyon konsènan yon demann pou egzekisyon.
- Si nenpòt pati nan akò pou medyasyon an modifye avèk akò pati yo annapre, yo pa ka chèche egzekisyon konsènan pati sa nan akò a.
- Yon demann pou egzekisyon dwe fèt bay OSE an pa pita pase 90^{yèm} jou kalandriye apati dat aksyon obligatwa a ki vize nan sijè egzekisyon akò pou medyasyon an. Si demann ou an pa fèt alè OSE an pa kapab fè respektè demann lan.
- **Demann konplè** a dwe soumèt bay OSE a epi yon kopi tout demann lan tou dwe soumèt bay distri lekòl ki responsab timoun ou an. Demann lan ka soumèt bay OSE pa imèl oswa pa kourye.

Ou ka atache paj siplemantè nan fòm PDF nan imèl la. Adobe Acrobat Reader se yon lojisyèl pou lekti dokiman ki disponib pou telechaje gratis nan: <https://get.adobe.com/reader/>.

Relasyon avèk Elèv la(yo): (Fè yon mak tchèk)		
☐ Paran/Gadyen	☐ Avoka	☐ Defansè
Moun ki voye li (Tanpri Mete Non Anba A)	Adrès, Vil, Eta, Zipkòd	Imèl
		Telefòn Kay
		Telefòn Travay
		Faks
Ki dat akò pou medyasyon an? _____		
Apre siyati akò pou medyasyon an, èske pati yo te rive jwenn nenpòt akò ki modifye akò pou medyasyon odepa a?		
☐ Wi ☐ Non (Si wi, tanpri eksplike anba a. Paj siplemantè si sa nesesè)		

Kilè aksyon w ap chèche egzekite a te òdone pou fèt?	
Èske w enplike aktyèlman nan yon medyasyon annapre oswa yon odyans pou pwosedi ofisyèl, oswa èske w te mande youn resaman?	
☐ Wi ☐ Non	
Si w te mande resaman yon medyasyon oswa yon odyans pou pwosedi ofisyèl annapre, kisa sijè dezakò annapre a ye?	
Endike an brèf dispozisyon byen presi (idantifye paj la ak paragraf la) pou desizyon ou kwè ajans edikasyon an pa te mete ann aplikasyon an.	
Lè li resevwa yon demann pou egzekisyon, OSE an pral transmèt yon kopi demann lan bay distri lekòl la pou repons. Si sa apwopriye, distri lekòl la ap gen posiblite pou rezoud demann lan avèk paran an. Si pati yo pa rezoud pwoblèm lan alè epi avèk satisfaksyon, y ap mande distri lekòl la pou l soumèt bay OSE prèy pou konfòmite. OSE ap detèmine mizanplas desizyon an. Si yo detèmine distri lekòl la pa mete desizyon an ann aplikasyon, oswa yon pati nan desizyon an, OSE an dwe òdone distri lekòl la pou l mete desizyon an ann aplikasyon oswa yon pati nan desizyon an, jan sa apwopriye.	
Siyati Paran/Gadyen	
	Dat



**ETA NEW JERSEY
DEPATMAN EDIKASYON
OFFICE OF SPECIAL EDUCATION**

**DEMANN POU EGZEKISYON DESIZYON BIWO DWA
ADMINISTRATIF LA EMÈT**

Pou: Director

Office of Special Education (OSE)

NJ Department of Education

P.O. Box 500

Trenton, NJ 08625-0500

Imèl: osepdisputeresolution@doe.nj.gov

Telefòn: 609-376-9060

ENPÒTAN:

- **OSE dwe genyen yon kopi desizyon ALJ an anvan yo ka pran nenpòt aksyon konsènan yon demann pou egzekisyon.**
- Si nenpòt pati nan desizyon an modifye ak akò pati yo annapre, yo pa ka chèche egzekisyon konsènan pati sa nan desizyon an.
- Yon demann pou egzekisyon dwe fèt bay **OSE** an pa pita pase 90^{yèm} jou kalandriye apati dat aksyon obligatwa a ki vize nan sijè egzekisyon desizyon odyans lan. Si demann ou an pa fèt alè **OSE** an pa kapab fè respekte demann lan.
- **Demann konplè** a dwe soumèt bay OSE a epi yon kopi tout demann lan tou dwe soumèt bay distri lekòl ki responsab timoun ou an. Demann lan ka soumèt bay OSE pa imèl oswa pa kourye.

TANPRI, N AP FÈ W KONNEN: Ou ka tache paj siplemantè nan fòm PDF nan imèl la. Adobe Acrobat Reader se yon lojisyèl pou lekti dokiman ki disponib pou telechaje gratis nan: <https://get.adobe.com/reader/>.

Relasyon avèk Elèv la(yo): (Fè yon mak tchèk)		
☐ Paran /Gadyen	☐ Avoka	☐ Defansè
Petisyonè	Adrès, Vil, Eta, Zipkòd	Imèl
		*Telefòn Prensipal
		Lòt Chwa Telefòn
		Faks
Dat desizyon ALJ an: _____		

*Eleman ki make avèk asteris yo obligatwa.

Apre desizyon an emèt, èske pati yo te rive jwenn nenpòt akò ki modifye desizyon an oswa kondisyon ki nan Òdonans lan? _____ Wi _____ Non <i>(Si se wi, tanpri eksplike anba a).</i>	
Kilè aksyon w ap chèche egzekite a te òdone pou fèt? _____	
Èske w enplike aktyèlman nan yon medyasyon oswa yon odyans pou pwosedi ofisyèl, oswa èske w te mande youn resaman? _____ Wi _____ Non (Si se wi, tanpri bay Nimewo Referans Ajans lan si li koni) _____	
Si w te mande resaman yon medyasyon annapre oswa yon odyans pou pwosedi ofisyèl annapre, kisa sijè dezakò a ye? 	
Endike an brèf dispozisyon byen presi (idantifye paj la ak paragaf la) pou desizyon ou kwè <i>yo pa te mete ann aplikasyon an</i> . 	
Lè li resevwa yon demann pou egzekisyon, OSE an pral transmèt yon kopi demann lan bay distri lekòl la pou repons epi, si sa apwopriye, posiblite pou rezoud demann lan avèk paran an. Sepandan, si pati yo pa rezoud pwoblèm lan alè epi yo avèk satisfaksyon, y ap mande distri lekòl la pou l soumèt bay OSE an pou detèmine aplikasyon desizyon an. Si yo detèmine distri lekòl la pa mete desizyon an ann aplikasyon, oswa yon pati nan desizyon an, OSE an dwe òdone distri lekòl la pou l mete desizyon an ann aplikasyon oswa yon pati nan desizyon an ann plikasyon, jan sa apwopriye.	
Siyati Paran/Gadyen	Dat

*Eleman ki make avèk asteris yo obligatwa.



ETA NEW JERSEY
DEPATMAN EDIKASYON
OFFICE OF SPECIAL EDUCATION

DEMANN POU ANKÈT SOU PLENT

Pou: Director

Office of Special Education (OSE)

NJ Department of Education

P.O. Box 500

Trenton, NJ 08625-0500

Imèl: specialeducationcomplaints@doe.nj.gov

Telefòn: 609-376-9060

OSE aksepte demann ankèt sou plent yo pa kourye ak nan imèl. Pou voye yon imèl, demann ki ranpli pou ankèt sou plent yo ka voye nan imèl bay specialeducationcomplaints@doe.nj.gov.

Ou ka atache paj siplemantè nan fòm PDF nan imèl la. Adobe Acrobat Reader se yon lojisyèl pou lekti dokiman ki disponib pou telechaje gratis nan: <https://get.adobe.com/reader/>.

*Non Pleyan an	*Adrès, Vil, Eta, Zipkòd	* Imèl
		*Telefòn Prensipal
		Lòt Chwa Telefòn
		Faks
Relasyon ak Elèv la (Si w pretann gen yon vyolasyon konsènan yon elèv (plizyè elèv) prezizeman) ☐ Paran/Gadyen ☐ Avoka ☐ Defansè ☐ Lòt	*Non elèv la (epi/oswa presize gwoup elèv ki konsène ak vyolasyon prezime an):	
	Dat Nesans Elèv la	

*Eleman ki make avèk asteris yo obligatwa.

***Si w pretann gen yon vyolasyon konsènan yon elèv (plizyè elèv) prezizeman, bay adrès Elèv la (si li pa menm ak adrès pleyan an) Si elèv la sanzabri, tanpri bay enfòmasyon kontak ki disponib yo, ansanm ak non lekòl timoun lan ladan a:**

Distri Lekòl ki Responsab Elèv la	Konte	*Lekòl Elèv la Ladan an

1. Tanpri fè yon mak tchèk nan deklarasyon ki aplike a

☐ M ap patisipe aktyèlman nan yon odyans pou pwosedi ofisyèl oswa mwen te mande youn resaman. Nimewo Referans Ajans lan (si li koni)_____.

☐ Mwen mete yon kopi demann lan.

☐ M ap konsidere depoze pou yon odyans pou pwosedi ofisyèl. Si m depoze yon demann, m ap voye yon kopi demann lan.

☐ Mwen pa planifye pou m depoze pou yon odyans pou pwosedi ofisyèl.

Tanpri, n ap fè w konnen: Nenpòt pwoblèm ki genyen nan yon demann ankèt sou yon plent ki se sijè yon odyans pou pwosedi ofisyèl tou ka mete sou kote jiska rezolasyon dispit sa.

Tanpri, n ap fè w konnen: Si Jij Dwa Administratif la pran yon desizyon sou kesyon an (kesyon yo), desizyon sa a gen fòs legal.

***2. Endike an brèf chak vyolasyon(yo) ou kwè ki te fèt nan *lwa* oswa *règleman* sou edikasyon espesyal. Si w chwazi tache enfòmasyon oswa dokiman anplis, ou dwe rezime vyolasyon prezime a(yo) kanmenm, jan w wè yo a.**

3. Presize peryòd tan oswa dat lè vyolasyon(yo) prezime an te fèt Tanpri, n ap fè w konnen: Ou gen yon ane apati dat vyolasyon prezime an pou w soumèt plent ou a.	4. Èske vyolasyon prezime an(yo) ap kontinye aktyèlman? ☐ Wi ☐ Non
*5. Dekri reyalite aplikab yo. Si w ap deklare distri lekòl la pa te mete IEP a ann aplikasyon, tanpri mete yon kopi IEP a annantye (tache l si w ap voye pa lapòs/telechaje voye l si w ap soumèt li sou entènèt). Si w gen lòt dokiman alekri ki soti nan distri lekòl la ou kwè ki ta ka ede w verifye vyolasyon an, tanpri tache yo.	
*6. Si w ap pretann gen yon vyolasyon konsènan yon timoun byen presi, tanpri dekri kijan pwoblèm lan(yo) ta ka rezoud, nan mezi yo koni ak disponib pou ou nan moman sa a. Si w ap pretann gen yon vyolasyon nan tout sistèm lan, li pa obligatwa men li ka fasilite rezolisyon si w dekri kijan vyolasyon(yo) nan tout sistèm lan ta ka rezoud. Tache paj siplemantè si sa nesèsè.	

*Eleman ki make avèk asteris yo obligatwa.

Tanpri, n ap fè w konnen: Si w ap pretann gen yon vyolasyon konsènan yon elèv (oswa plizyè elèv) byen presi oswa yon distri lekòl/ajans edikasyon byen presi, ou oblije transmèt yon kopi plent sa a bay Sipèentandan distri lekòl la/ajans edikasyon ki gen plent kont yo a, an menm tan ou te depoze l nan <i>Depatman Edikasyon an</i>. Tanpri ranpli anba a sa ki aplikab:	
☐ Yon kopi demann plent lan te voye pa imèl. ☐ Yo te voye yon kopi demann plent lan pa lapòs. ☐ Yon kopi demann plent lan te livre men nan men.	*Non Destinèt a:
	*Dat li Voye bay Destinèt a:
<i>Konfòmman ak Kòd Administratif New Jersey. 6A:14-9.2(b), yo pa kapab travay sou yon plent jiskaske Biwo Edikasyon Espesyal la te enfòme ke yo te bay ajans edikasyon apwopriye a yon kopi</i>	
*Siyati Moun lan(yo) ki soumèt demann lan:	*Dat:

*Eleman ki make avèk asteris yo obligatwa.



Pibliye pa:

New Jersey Department of Education
PO Box 500
Trenton, New Jersey 08625-0500